В 84(5Кар)
С-67

БАЗАРБАЙ СЕЙТАЕВ

# ШАБАНДОЗЛАР



84(5Каp)
С-23

Қар2 Б. Сейтаев. Шабандозлар. Нөкис, «Билим» — 2009-ж.
А—16 48 бет.

Жазыўшы Базарбай Сейтаевтың бул китабы арқалы сиз халқымыздың турмысында ерте дәўирлерден баслап қәлиплескен, той-тамаша, мерекелердиң сәни болған ат спорты— көкпар ойынлары, сондай-ақ, Қара буға елатында жасап өткен атақлы шабандозлар менен ат сейислериниң қызықлы өмири менен кеңирек танысасыз.

Автор бунда атақлы адамлар өмиринен алынған ҳәр бир ўақыяны көркем тил арқалы шеберлик пенен сүўретлейди.

Бул китаптың жазылыўында барлық дәреклерди излестирип таўып, жанкүйерлик еткен **Минажатдин Мақсым Сийпатдийин** улына автор шексиз миннетдаршылық билдиреди.

ISBN 978-9943-327-89-4

© «Билим», баспасы 2009-ж.

БАЗАРБАЙ СЕЙТАЕВ

ШАБАНДОЗЛАР

*(ҳүжжетли қысса)*

*«Билим» баспасы*
*Нөкис — 2009*

Редактор *С. Айтмуратова*
Көрк. редактор *И. Сержанов*
Тех. редактор *Т. Махсудова*
Оператор *Г. Серимбетова*

RESPUBLIKALIQ MA'LIWMAT-RESURSLIQ ORAYI
INV № 82585

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 24.03 2009-ж. Форматы 60x84 1/16. Школьная гарнитурасы. Офсет усылында басылды. Кегл 10. Көлеми 3,0 б.т. +0,5 реңли вкл. 2,79 шәртли б.т.+0,5 реңли вкл. 2,62 есап б.т. Нусқасы 2000 дана. Буйыртпа № 60 Баҳасы шәртнама бойынша.

«Билим» баспасы. 230100. Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9.

Ташкент қаласы, «Нисим» типографиясы, Ш. Рашидов, 71.

## 1. МУХАММЕД СҮЙИН КИМ БОЛҒАН?

*(Тарийхый дəреклерден бир көринис)*

Өзбек мəденияты менен оның раўажланыўына Əмир Темур əўладлары тийкар салған десек те болады. Себеби, Əмир Темур өз дəўиринде Самарқандты мəмлекеттиң бас қаласы етип, оның сулыў сымбатлы ҳəм мəдений, илимлер қаласы болып жетилисиўине күш жумсап, ең алдыңғы қалалар қатарындағы жайлар салдыра алған. Бир неше мешит ҳəм медреселердиң бинə болыўына кең жол ашып берди. Соның менен бир қатарда жаңа архитектуралық жайлар салдырып, Самарқандты дүньяға аты жайылған қалалардың бирине айландырды. Темурийлер династиясының оннан кейинги əўладлары да илим менен шуғылланып, дүньядағы 66 жулдыздың мəлим болғанлығын ашып берди. Ал Əлийшер Наўайы болса, өзбек тилиниң раўажланыўына тийкар салды. Бир қанша шығармалар дөретип, мешитлерде жаңаша өзбек тилин үйрениў мүнəсибети менен жасларға арнап ақыл-парасатқа толы қосықлар жазды ҳəм оны балалардың оқыўы ушын «Наўайы» деген ат пенен (ол атты халықтың өзи қойған) китапша етип шығарыўға еристи. Басқа да илим шайдалары жетисип, мешит ҳəм медреселер ушын арналған нəсиятнамалар жазып, Қураани кəримди, ҳəдислерди араб тилинен аўдарма иследи.

Темурийлердиң ислерин даўам еттириўши султанлардан Самарқандты басқарған Абдуллатиф Мыян көлде (Самарқанд пенен Бухара арасы), Искендер, (Ташкент ҳəм Ферғана), Барақ хан, Хорезм ўəлаяты ҳəм Хийўаны өзине қаратып алған Абдулла хан, оннан соң Абылғазы хан тусында да ең жақсы үлгилерге тəн мешит ҳəм медреселер салынды. Атап айтқанда, Самарқандтағы Шердар, Тиллақарий, Бухарадағы Хан мешитин (Абулазиз хан салдырған) Хийўада Ташҳəўли, Шерғазы ҳəм басқа да медреселер салынып, онда ең алдынғы қатардағы шəкиртлер билим алып, елдиң келешек ахунлары болып жетисип, араб тилинде жазылған китапларды өзбек ҳəм басқа тиллерде билип алыўы ушын мəни

бериў дәрежесине көтерилди. Олар өзлериниң өскен елатларына барып жаслар тәрбиясына оның әдеп икрамлы, туўры сөзли, ўәдесине берик, адам-адамға дос, меҳрибан болып өсиўи, халық ушын хызмет етиўи ушын бар күшин жумсады. Тек ғана оның менен шекленип қалмастан дин ҳәзиретлериниң орайы болған Мәкке-Мәдийнеге барып өз көзи менен ҳәдислерде жазылғанларды көрип келип халық арасына дурыс-бурысын сөз етип бериўди мақсет етип қойғанлар да болды. Мусылманлардың зиярат етиўи Қураани Кәримде де жазылған еди.

Тийкары туўысқан болған, бирақ қарақалпақларға қарағанда да мәденияты артқан, ел басқарыўы да өзгеше, уллы алымлары менен дүньяға танылған, өзбек мәдениятын қарақалпақ арасына таратыўды мақсет етип қойған ҳәм оны иске асырыў ушын күш-билимин жумсаған дәслепки улама-ағартыўшылардың бири, Қоңыраттың Шүллик арысы Хантекли руўынан Сүйин ҳәм Исмайл атлы еки ийшан болған.

Мухаммед Сүйин (Сүйин ийшан) шама менен 1740-жыллары саўатхан емес хожалықта туўылды. Оның әкеси Баймурат деген киси болып, Тасҳапыз деген ийшан менен туўысқан, Тасҳапыз үлкен ағасы, ол жаслайынан оқыўға берилген болса да, есейгеннен кейин, оны даўам еттире алмай ата жолын қуўып, аўылларда мешит салдырыўға кеўил бөлди. Мешит салынған менен оны қәлеўшилер саны кем болған. Ал, Баймурат болса саўаты кем, жазда дийқаншылық, қыста балықшылық кәсиби менен шуғылланғанлықтан, әсиресе балықтың жүретуғын жолын, суўдағы киятырған сазан ба, ылақа ма, майда шабақ па түрлерин айырып айта алатуғын «көз ашық» адам екен. Баймураттың усы қәсийетин сынап көриў ушын аўыл жасы үлкенлери дәрья жағасында отырған Баймураттың үйине келип балықтың түрлеринен услап сыбаға бериўди өтинеди. Сонда Баймурат: «Мениң менен бирге жүриң, мен киятырған балық түрин айтайын, соннан қәлегениңизди услап берейин»-деген екен. Жасы үлкенлер дәрья айланбасының тыныш жерине барып тоқтап, атларынан түсип Баймураттың шанышқысына қарап турады.

— Әне, анаў киятырған сазан, шаншайын ба деген?:

— Анаў киятырған ылақа деп шанышқысын силтеген екен, үлкен бир ылақа илинип шығады.

— Анаў киятырған шабақ, оның кереги жоқ дейди де, узағырaққа қарап, бекире киятыр деп шанышқының сабына жиңишке

шыжым байлап бекирени түйрейди. Туўлап кеткен бекирени жайына жиберип-жиберип жуўасытып сыртқа шығарды. Аўыл жас үлкенлери Баймураттың көз ашықлығына тәсийин қалады.

Баймураттың еки баласы болған. Биреўиниң аты Мухаммед Сүйин, екиншисиниң аты Исмайыл. Мухаммед Сүйин жас ўақытларынан баслап-ақ мешитке қәдем таслап, бар ықласын китабий сөзлерге аўдарған ҳәм оннан мәни шығара алатуғын, узын бойлы, ақ сарыдан келген, күлимсиреп сөйлейтуғын бет алдына қарағанда адамды өзине тартып туратуғын, жүзинен нуры тамған жигит болып жетиседи. Иниси Исмайыл оннан төрт жас киши болса да, ағасына теңлесиўди мақсет етип қойған.

XVII—XVIII әсирлерде Бухара ҳәм Хийўа мәденияты өсип раўажланған қалалардан есапланатуғын еди. Ең жақсы, дүнья жүзилик көркемликке ийе болған үлкен-үлкен сулыў жайлар, Самарқанд, Бухара, Хийўа, Ташкент қалаларында салынды ҳәм олардың даңқы пүткил ханлықларға жайылды. Сондай-ақ, әдебиятшылар менен сарай тарийхшыларының «Ҳайўанатнама», «Тарийхы Мукимханы» («Балық тарийхы»), «Убайдулланама», «Тарийхы Абдулфаизханы» (Бухара ханларының тарийхы), «Шежирай Түрк» (Хорезм тарийхы) қусаған шығармалардың дөрелгени Мухаммед Сүйинди қатты аўаландырды. Мухаммед Сүйин аўылдағы мешитлердиң (атасы Тасқапыз салдырған) биреўин питкергеннен кейин Бухараға кетеди. Бул ўақытларында бир патшалықтың талабанларын, екинши бир ханлық ел басшысынан руқсатсыз алмайтуғын болған. Усыған байланыслы Хийўаны басқарып турған Мухаммед Әмийн инаққа алдына адам салып келип, оннан жарлық қағаз алып барып Бухарадағы Абдулазизхан медресесине оқыўға киреди. Жүдә жақсы оқығанлықтан Мухаммед Сүйинге өз алдына жай ажыратып қойып, оны шет елли сабақ бериўшилер менен Қураани Каримнен мәни айттырыўға қатнастырады.

Арадан 4—5 жыл өткеннен кейин Хийўадан Ташҳәўли атлы үлкен медресе салынады. Хийўа ханы Мухаммед Сүйинди ҳәм басқа да шет елли дамлаларды шақыртып алып сабақ бергизеди ҳәм мешитти аштыртады. Сүйин усы жерде ҳәм оқыйды ҳәм оқытады. Арадан төрт жыл өткеннен кейин (барлығы сегиз жыллық оқыў) ахунлық дәрежеге жетиседи ҳәм өз елине қайтыўды, қарақалпақтың тийкарғы орайы болған Шымбай шәҳәринен үлкен медресе ашыўды сорайды.

Мухаммед Әмийн инақ әўеле хош көрмесе де, кейнинен сөзин итибарға алып, Шымбайдан медиресе салыўды мақуллайды ҳәм оған өзи басшылық етип турады. 1775-жыллары Шымбайдағы медресе питкерилип, оған хан мешити деген атақ бериледи. Солай етип, Мухаммед Сүйин Хан мешитиниң биринши оқытыўшысы ҳәм басқарыўшысы болады. Оннан бир неше жаслар тәрбияланып шығып, Хийўа мешит-медреселеринде тәрбия алды.

Сүйин ахунның атағы ҳәм көрегенлиги тек Шымбайға емес, пүткил қарақалпаққа, Хийўа арасына таралып, ханға жетеди. Хан Мухаммед Сүйинди сарайға әкелип сарай ахуны етип қоймақшы болып ҳәм өзиниң қызына үйлендириў нийетинде Хийўаға шақыртады. Хан өзиниң алдына қойған мақсетин айтқанда Сүйин ахун: «Мениң келиншегим, бала-шағам бар, тақсыр. Еки некели болыўға нызам-шәрият-жол қоймайды», деп жуўап қайтарады. Хан: «Шәрият хан қолында болады, еки-үш некели болыўға руқсат етиледи», деп зорлаңқырайды. Сонда Мухаммед Сүйин: пайғамбарымыз тәрепинен көрсетилгенлерди мусылманлардың орынламаўы пүткиллей гүнә болар, тақсыр. «Соннан баслап Мухаммед инақ Сүйин ахунға қарсы болып, Хан мешитинен босатып жибереди. Соның менен бир қатарда Мухаммед Әмийн инақ соңғы ўақытларда қарақалпақлардан Хийўа медреселерине талабанлар қабыллаўды бир неше мәртебе қысқартыңқыраганнан-соң қарақалпақлардан санаўлы ғана адамлар ахунлық дәрежесине көтериле алған.

Сүйин ахунның иниси де Хийўаға барып оқыйды. Медресе талабанларының ең алдынғысы болғанлықтан оның медреседе оқыўына да руқсат бериледи. Питкергеннен кейин өзи оқыған медреседе сабақ берип қалады. Бирақ оған хан тәрепинен қолайсызлықлар болғаннан кейин аўылына келип өзи оқыған мешитте сабақ береди. Көп узамай бәринде қойып ағасы Сүйин менен бирге Мәккеге зиятратқа кетпекши болады. Сол ўақытларында араб елине барыў ушын Бухара медреселериниң биреўинде сабақ беретуғын арабиялы саўатханлардан қағаз-жоллама алынады екен. Екеўи де Бухарадағы сынақтан өтеди ҳәм пәтек-жолламаны алып аўылына қайтады. Мәкке-Мәдийнеге барыўшылар өзлери менен бирге азық-аўқат затлар алмай қуранын қойнына салып, ел халқы менен ырзаласып кетеди екен. Солай етип, еки зияратшы жолға шығады.

Неше жыллар жол жүрип Мәккеге жақынлаған жерде иниси Исмайыл сырқатланып, жол жүриўге шамасы келмей қалғанлықтан бир арабтың үйинде келисим бойынша қалдырады да өзи

дийдилеген орынға жетеди. Каабаға барыўшылар ең алды менен үлкен бир асырымлы таўға шығып, сол таўдың басына салынған «Зияратшылар мешити» деген жерде Арафат таўында бир ҳәпте болып,- өзиниң кийип барған липасларын таслап, жаға-жеңсиз (көйлек етип тигилген емес, метрлей ақ таўарды ийнинен баслап дизесине шекем орайтуғын) көйлек кийип Каабаға барған. Сол жердеги зиярат бир ҳәпте болады екен, оннан кейин және бир неше күнлерге иркилип туратуғын болған. Сол бир ҳәптениң ишинде барып үш рет қолын созғанда еки рет ҳалқаға қолы тийеди, оның екиншиси иниси Исмайыл ушын болады.

Инисине келип, зияратының қабыл болғанын айтып қуўандырып аўылына айланады. Тоғыз жылда аўылына келгенде ағайинлери менен туўған-туўысқанлары қуўанғанынан жыласып көриседи. Булар екеўиде Хантекли руўынан шыққан дәслепки Ҳажылар еди. Оның Хамид қарый, Әбдисалам ҳәм Әбдиғаний атлы балалары да ағасы Сүйин ҳажы-ийшанның қолында тәрбия алып, мешитте оқып моллалық дәрежесине көтериледи.

Сүйин ийшан ҳажыдан қайтып келгенде Хийўаның ханы Мухаммед Әмин инақ қайтыс болып, оның орнына Абылғазы хан болған. Абылғазы қайсақтан шыққан қарақалпақ ханларының бири Ғайып ханның баласы еди. Хийўа ханының ҳаслы қарақалпақ болғанлықтан Сүйин ийшан Хийўаға барып қарақалпақлардың қоңырат арысы Қусхана таўының орта белиндеги жазықлыққа мешит салыўға рухсат сорайды ҳәм уста, ғәрежетлер менен тәмийинлеўди өтинеди. Абылғазы хан қоллап-қуўатлайды ҳәм руқсат береди. Мешит салыўға қостамғалы, хантекли, қолдаўлы ҳәм басқа да руўлар қатнасады. Он еки қатар мешит ылайдан салынып, оның алды бетлери ҳәм кишкене мәзин минары хан усталары тәрепинен салынып, қоңыратлылар ушын үлкен оқыў орны болып қалады. Усы тәрепте қанша руўлар болса, оның инталы жаслары келип оқыйды. Бул жерде қыз-келиншеклердиң оқытылыўына да жол ашылады. Сол мешиттиң үш жайы қыз-келиншеклерге ажыратылып бериледи. Қызлардың оқып, билим алыўына, саўат ашыўына басшылық еткен Тасҳапыздың баласы Абдулазиздиң Саҳипжамал исмли қызы болған. Бул жерде билим алыўшы қыз-келиншеклердиң саны жигирмаға жеткен, олар үйлерине бармай мешит қаржыларынан пайдаланған.

Ҳажы Сүйин ийшанның мешит моллалары арасында еки бәшири болып оқытылып атырған сабақлықларда қәте-кемшилик-

лер ямаса баспа тәрепинен кеткен кемшиликлер болса, гейпара ўақытларда Қураани Кәримнен жеңил аўдарма етип баспаға таярлағанда ямаса даўыс ғыраҳәтине байланыслы айтылатуғын ҳәриплик белгилер өз орнын таппай қалғанда сол түсиниксиз сөзлерди қайтадан жаздырып сабақлыққа қостырып отыратуғын еди.

Сүйин ийшанның үйи мешиттен әдеўир қубла батысырақ, Тақыя таўдың шығыс түбиндеги қубласы көк липасқа бөленген кеңисликтиң таў баўрайын ала жайласқан. Мешитке ара-арасында келип, оқып атырғанлардың жағдайлары, ҳал-аўҳаллары менен танысып, олар менен гүрриң өткерип туратуғын болған. Сонда бир шәкирти мусылманлардың орайы болған Каабатулла ҳаққында айтып бериўди сораған. Тәрбияланыўшылардың кеўилин қалдырмай жуўап берген:

— Кааба-Ислам дининиң ең сүйикли ибадатханасы болып, ол Мәкке қаласының орайлық майданшасында жайласқан. Тәреплери теңдей төрт мүйешлик, барлығын қоса есаплағанда 1800 аршын өлшеминде күл реңдеги жылтыр тастан жасалған халқа. Оны Исламда Байтуллаҳ (Алланың үйи) ямаса Байтул Ҳаран (Ислам дининдегилердиң үйи) деп атайды екен. Қуранда ал-Масшид ал-Ҳаран (сүйикли Масшид) деп аталған. Ибадатхананың дөгереги сулыў-сәнлы диўал менен қоршалғанлықтан оның кең ҳәўлиси де Кааба деп аталады. Каабаның сыртқы тәрепин де «Қара тас» («Ҳажар ал-асвад») жайласқан болып, онда қуранның ең дәслепки қол жазбалары сақланады екен. Ҳәўли жанында Зәмзам булағы бар. Оны Ибраҳим Тас булағы деп те атайды.

Зәмзам булағы ҳәм оның жанындағы Кааба Ислам дүньяға келместен бурын-ақ пайда болған ҳәм суўдың кемислигине байланыслы араб дүньясында «зәрүрли суў» деп қәлиплестирилген. Соннан берли араблар ҳәм мусылманлардың сүйикли ибадатханасына айланған. Көп ғана Қәбийлелер оны «Ҳажы» қылып келип турған. Мәккеде өмир сүрген ҳәммеге өрнек үй хожалығының үлкен бир топарының үлкен жайын Ҳажым деп бабасының атына қойған. Мухаммед те усы үлкен үйханадан шыққан. Мине усы Ҳажы да сол Мухаммедтиң бабасының аты менен аталған деп те көрсетиледи китапларда.

Кааба мусылманлар ушын қубла есапланып намаз шаждасын сол жаққа қаратады.

Соңғы ўақытларда ҳажы қылыў ҳәмме мусылман мәмлекетлерине өтип, мусылманларды ҳажы қылыўды ҳәўес еткен. Ҳажы

қылыў Қураани Кәримде де көрсетилген, бирақ ол қүдирети келген адамлар ушын деп түсиндирди Ҳажы ийшан.

Қусхана таўының қундызлық бөлимине жайласқан мешитке жақынлатып суў әкелиў ушын бурын Әмиўдәрьяның аңғары болып, кейин ала көл сағаға айланып қалған суў жолын қазыўға шақырады. Сүйин ийшанның өзи бас болып жигирма белдар жыйнастырып, оған ағайинлерин қосып көл саға өзекти қазыўға кириседи. Буны еситкенлер жыйналып жәрдемге келеди. Қазыўшыларды азық-аўқат пенен тәмийинлеў ийшанның мойнында болады. Ала бәҳәрден басланған қазыў жумысы тары егисине шекем қазып питкериледи ҳәм дәрьядан алған сағаны биринши болып Сүйин ийшан ашқанлықтан өзектиң аты да ийшан жыққын болып аталып кеткен. (Ҳәзир Еркин дәрья деп аталады). Неше жыллардан берли суў көрмей, күйип атырған таў баўрайы көк липасқа бөленеди. Қамыслықлар бой тиклеп, жанлы-жаныўарлар мәкан басты. Үлкен қайшы шабылып, бөлинип алынған жерге «он төрт» руўдан бағманлар әкелинип терек ҳәм мийўели дарақлар отырғызылды. Солай етип, биринши мәрте Қусхана таўының алды дарақлы бағқа айланған.

Мухаммед Ҳажы Сүйин ийшан халықты саўатландырыў ҳәм көл етегинде жасаған халықлар арасына бағ-бақшаларды ен жайдырыў ислерине кеўил бөлип, өзи салдырған мешит әтирапына Үргениш яки Хийўа қалаларындағыдай еки-үш минар салдырыў нийети үстинде жүргенде Пайғамбар жасында қайтыс болады. Оның денеси Қусхана таўындағы қойымшылыққа жерленген ҳәм соннан берли бул жер «Сүйин ийшан» қойымшылығы деп аталады. Бул әўлийешиликке неше заманлардан берли кеўил бөлинбей бурынғы қарақалпақ формасында салынған гүмбезлер ғана аз санда орын алған болса, бүгинги күни көп ғана өзгерислер енгизилип, саўаплы ислер әмелге асырылмақта.

Қарақалпақ халқын саўатландырыўға бар күшин, билимин, интасын жумсаған, ақыл-ой ийеси Сүйин ийшанды ҳәмме ел болып, урпақлары ҳәр бир таныс-билислери ҳүрмет пенен еске алады.

## 2. ӨТМИШ ӨТКЕЛЛЕРИНЕ ШЕГИНИС

Қарақалпақ халқында 1319—1385-жыллары Имам-Қараш атлы уллы улама жасап өткен. Имам-Қараш ийшанның балалары 1. Есберди диуанбеги, 2. Бегжан.

Есберди диуан бегиден Өмиркул, Шыныбек, Рсымбет бий атлы балалары болған. Бегжаннан Баймурат ийшан, Тасҳапыз ийшан деген әжайып перзентлери болған. Баймураттан Сарыкул ийшаннан Муҳаммед Сүйин Ҳажы ийшан Исмайыл Ҳажы ийшан туўылған. Бекжан ийшаннан Исмет ийшан, Исмет ийшаннан Караматдин ийшан, Караматдин ийшаннан Жийемурат туўылған, оның баласы Айтмурат, Айтмураттан Әбдимурат, Серемурат. Абдимураттан Шамурат шабандозлар өрбиген. Мухаммед Сүйин ийшаннан 1. Абдулазим. 2. Абдулқасым. Абдулмажит, Абдулазиз ийшанлар шыққан. Баймураттан Сарықул ийшан, Сарықулдан 1. Ырзамерген. 2. Атамурат. 3. Халмурат туўылған. Ырзамергеннен Өтепберген, Өтепбергеннен Тилепберген, Тилепбергеннен Абылбай туўылған. Тилепберген сейис болған («рентген») деп атайды екен. Аттың ишинде не барын биледи екен. Атамураттан Досберген, Досбергеннен Узақберген, оның баласы Алламберген шабандоз. Халмураттан Есберген, Есбергеннен Турдымурат, Бердимурат туўылған. Бердимурат атқа қумарпаз. Ат спортына жан күйерлик етеди. Қайда той тамаша болса жумысын таслап барады.

Ал Исмайыл Ҳажы ийшанның Ҳамуд Қарый, Абдулсалам ийшан, Султан суўпы, Әбдикамил ийшан, Әбдиғаний ийшан атлы перзентлери болып, Ҳамуд Қарыйдың баласы Уснатдийин ийшанда, оның баласы Асаматдин, Асаматдинниң улы Пахратдин, Пахратдинниң баласы Зийнатдийин, Абдулсалам ийшанның баласы Сийпатдийинниң улы Минажатдийин Мақсым, Сарықул ийшанның баласы Ырзамерген, Өтепберген, Тилепберген Сейислер—барлығы улама перзентлери болса да, ат шаўып, тақымға ылақ басып, көкпар ойнаған.

Султан суўпыдан Әлаўатдийин ийшан, Әлаўатдийин ийшанның баласы Тәжимурат, Тәжимураттың баласы Жанызақ Шабандозға ат ышқыпазлары «Шайнек бала»—деген лақап берген. Өйткени ол пишими шайнектей кишкене болса да, ерге шәшпиктей жабысып отыратуғын жүдә шаққан бала екен. Бекжан ийшаннан Шыныбек ийшан, Шыныбек ийшаннан Исмет ийшан, Исмет ийшаннан Караматдин ийшан, оннан Жийемурат, Жийемураттан Бекмурат, Халмурат, Айтмурат. Бекмураттың баласы Есемурат, Әбдирашид, Айтмураттың баласы Серемуратлар Шабандозлар династиясын тағы да толықтырады.

Атақлы Шыныбек Ийшанның баласы Исмет ийшан, Исмет ийшаннан Нурантай, Нурантайдан Елмурат, Елмураттың баласы

Қулмурат, Қулмураттың баласы Жақсымуратларда жоқарыдағы шынжырма-шынжыр шабандозлар топарына киреди.

Ал Абдулазимниң баласы Нажиматдийин, оның перзентлери— Мухаммед Әмин Ҳажы, Шамшетдийин ийшан, Абулқасымның уллары — Юсуп ийшан, оннан туўылған Әметжан ийшан, Әметжанның балалары Идирис пенен Караматдийинлерде Муҳаммед Сүйинниң урпақлары болып саналады.

Олардың ҳәммеси де ат бағып, ат сейислеп, бәйгиге ат қосыў арқалы халқымыздың ат спорты тарийхында өшпес из қалдырған.

## 3. ШЫНЖЫРМА-ШЫНЖЫР ШАБАНДОЗЛАР...

Әсен Мақсым (Әсаматдийин) 1957-жылдан 1981-жылға шекем көкпарға ат шаўып, ылақ ойнаған. Ол әсиресе, еки ат қосақласып шаўып киятырғанда, қарсыласының тақымындағысын шеп жағынан келип тартып алыўға шебер болған. Тақымнан суўырылған көкпарды, қос қоллап бир тартқанда жулып ала береди екен. Солай етип, қолына түскен көкпарды тақымына басса, қайтып алдырмаған. Ҳәзирги ўақытта оның үрим-путақларынан ақлығы Зийнатдийин көкпар ойнайды. Оның атта отырысын көргенлер атасының айнымаған дәл өзи деседи. Тағы бир тақымы қатты шабандозлардың бири Серемурат деген шабандоз. Оның «Серемурат гереӊ» деген лақабы да бар. Тийкарында бул адамның қулағы аўыр болмаған. Оның тақымына ылақ түсе ғойса таралғыны кесип алмасаң, алалмайсаң. Оның шеберлигине сүйсинген аўылласлары: «Мына бизиң пәленшени изиңе ертип ылақ ойынын үйрет!» десе кеўлине жақпаса, ол баладан шабандоз шықпайтуғынына көзи жетсе, дәрриў өзин еситпегенге алып ҳасла жуўап бермейтуғын болғанлықтан «Гереӊ» лақабы таңылған. Себеби ол ат жөнинде қатты сершил, сыншыл адам болғанлықтан «дойнағында бар» балаларды ғана нәзерге алып, билгенин соларға үйреткен.

Өзиниң аса мал-дүньясы да болмаған. Бирақ маңлайына питкен жалғыз торы аты-ақыллы ылақшы ат болған. Серемурат ылақ ойнаўға шебер болған менен атқа дурыслап қарамаған. Оған торы атты әкеси Айтмурат сейис баплап сейислеп береди екен.

Бул ат спортының шебери болған әжайып инсан 1997-жылы 2-апрель күни «Дошан Кебир» де соңғы мәрте ылақ ойнап, 10-апрель күни 55 жасында дүньядан өтти.

Солай етип атақлы шабандоз өмириниң ең соңғы санаўлы демлери қалғанша торы атының жылаўын жаздырмастан кетти. Серемурат гереңниң жас ўақытларында ылақ ойынынан шыққаннан кейин, қақаман қыс айларында үкини ойып, муздың астындағы

суўға, аўзын басып турып, суў ишкенлерин көргенлер бар. Өтеген шабандоз деген жорасы Серемурат гереӊ үкиден суў ишип атырғанда муздыӊ астына кетип қалмасын-деп аяғынан услап турады екен.

Уснатдийин Мақсым (Асаматдийин Мақсымныӊ әкеси) салмағы жүз килограммнанда зыят лабыр, ири сүйекли адам екен. Ат белине шайқатылып барып минсе де, мингеннен кейин аттыӊ ерине бириктирип желимлеп таслағандай ҳеш қозғалмайды. Бир күни Қусхана таў етегиндеги бир тойдыӊ көкпар ойынында атыныӊ алдыӊғы еки аяғы жоқары көтерилип, артқы еки аяқта тикке шаншылып турғанын көргенлер бар. Сонда көк атты қайтарған ўақытта, шабандоздыӊ аўыр салмағы артқа алып кетип, алдыӊғы еки аяғы көтерилген жаныўар бирден шалқасына таслапты. Бирақ ат қайтадан қәддин алып орнынан турса да, ийеси орнынан қайтып турмайды. Қурда турған адамлар жанына жуўырып барып қараса, қарабарақтыӊ шөӊге түбири уртын тесип өтип кеткенин көреди. Уснатдийин Мақсым бул жарақатынан айығып кете алмай, 1953-жылдыӊ жаз айларында пәний дүнья менен мәӊги бақый хошласады. Оныӊ 1940-жыллары қалыўсыз ат шапқанын, ҳәтте атқа мингеннен кейин делебеси қозып кетсе артына миӊгестирип жүрген 11—12-жаслар шамасындағы баласында умытып кеткен пайтларын, аўылласлары, елеге шекем дәстан етип, айтысып отырады.

Әсен шабандозда ири сүйекли адам болып, салмағы жүз килодан зыят тас басқан. Лекин шабандоздыӊ салмағы мейли аўыр, мейли жеӊил болсын, оннан қәттий нәзер ҳәр бириниӊ палўанлар сыяқлы өзине тән, әмели, тәсили, өз усылы болған...

Гей бир шабандозлар пишими ири болмаса да, қос қоллап ылаққа асылған ўақтында оннан жаздырып алыў мүмкин емес. Өлмей бермейди. Ал, гей бир шабандоз ылақты оӊ тақымға басса, биреўлери шеп тақымға алғанды тәўир көреди. (Бирақ шабандозлардыӊ көпшилиги оӊ тақымға алады). Ылаққа асылғанда да беккем асылыў керек. Себеби ылақ қолға усланып, тақымды қолға таслайды. Сөйтип үстине аяқты қойса, «Таралғы»ны кеспесеӊ ылақты ала алмайсаӊ. Сонлықтан да тақымы қатты шабандозлар тегинликте тақымындағыны алдырмайды. Таралғы бул зәӊгини ерге тутастырып туратуғын жип болып, қазақлар оны «Үзенги» деп атайды. Халық дәстанларындағы:

Үзенгини узайтып,
Қуйысқанды келтирип,
Батыр атқа минеди

— деген терме-толғаўлары да усындайдан келип шықса керек?! Аттыӊ қуйысқаны болса, аттыӊ қуйрығынан алып, ерге тартылады.

**Сийпатдийин ийшан** — (Минажатдийин Мақсымның әкеси) шабандоз болмасада, жүйрик жорға ҳәм ылақшы атлардан сайлап сақлап, күтимин берип сейислетип тойлардан қалмастан бәйгиге ат қосыўды кәр еткен. Оның улы Минажатдийин Мақсым өткен әсирдиң алпысыншы жыллары, әкесиниң атының артына мингесип, тойларға барғанларын, сол пайытларда баласының атқа ышқыпазлығын сезип жанындағы Серемурат гереӊ менен бирге барып баласын муғаллимнен сорап алып, тойларға ертип кеткенлерин, егер әкеси тойға алып кетпеген ўақытлары класслас жорасы Бердимурат пенен той хабары шығыўдан, мектептен туўры үйине қайтпай тойхананың ат шаптыратуғын жерине қарай қустай ушқанларын Минажатдийин мақсым бүгинги күни ҳәўес пенен еслейди.

«Тойға барсаң бурын бар, бурын барсаң орын бар»—деген сөз ҳәр тәреплеме таўып айтылған даналық болса керек! Егер ат шабар майданға кешигип барсаң, тележканың үстинен орын ала алмайсаң. Бийикте турмасаң ылақ ойынды дурыслап тамашалаў қыйын. Соның ушын ат шабысқа қумарпаз балалар ерте барып, тележканың үстинен орын алыўға ҳәрекет етеди. Бирақ, ат шабыстың заўқына тойған менен оқыўдан шыққан балалар аштан буратылып, кеште үйине зорға жетеди. Қайтарсын тойдан қайтқан атлыларда оларды баласынып, атына миңгестирмейди. Минаждың әкесиниң баласына арнап, баплап, жақсылап сейислеп қойған пәтли торы аты бар. Бирақ еле тақымы қатпағанлықтан дурыслап шаба алмайды. Әкесиниң тапсырмасы менен ара-тура Серемурат гереӊ келип, тақымға қалай ылақ басыў тәсиллерин үйретип кетеди. Соннан тап 1968-жылы Минажатдийин 10-классқа қәдем қойғанда барып, өзинше ат шабыўға руқсат етти.

Жас шабандоз соннан баслап, аўылдағы кишигирим тойларда ылаққа ат қоса баслайды. 1970-жылларға келип ол көкпарға биротала берилип кетеди. Бара-бара Серемурат гереңниң 50 килолық ылақты тақымға алыў әдисинде шебер меңгерип алды.

«Мен урлық еткен күни қасақана ай жарық болды» дегендей бала шабандоз атқа шынтлап қунығып киятырғанда 1980-жылларға келип ат шабыс тойлары кес-геллем бирден тоқтатылды. Соңын ала арадан үш-төрт жыл өткеннен кейин, айлаўға ат жибериў ҳәм ылақ ойынлары қайтадан кең өрис алды.

Деген менен палўанлардың да, шабандозлардың да даўы жүретуғын мүддетли, өлшемли ўақты болса керек?! Ат шабыс ҳәм көкпар ойынлары қайтадан ҳәўиж алғаны менен Минажатдийин Шабандоз шаршады. Қырық бес жастың белесинен атлағаннан

кейин ылақ ойынын биротала тоқтатты. Гүрес тутысқан палўанлардың беллесиўди қойғаннан кейин, жасларға устазлық ететуғыны ямаса тренерлик пенен шуғылланатуғыны белгили. Шабандоз ат сейислейди, ат бағады. Минажатдийин Мақсымда желигин басып, қумарпазлығын тоқтата алмады. Қай жерде ат шабыс, ылақ ойыны бар десе, делебеси қозып, тыпыршылап тура алмайды. Қаяқтан той хабары келсе де, мейли ол Қазақстанда ма, яки Бухара, ямаса Хорезмде ме, шабандоз жигитлерин жәмлеп, сайланды ылақшы ҳәм жүйрик атларды Камаз автомашинасына тийеп (оғанда жол кирейге енапаттай пул төленеди) жолға раўана болғанын билмей қала береди.

## 4. АТ ШАППАСА ДА, БӘРҚУЛЛА ЖОЛДА...

1987-жылы июнь айының басында Минажатдийин Мақсымның үйине Наўайы ўәлаятының, «Үш қудық» районының «Мың булақ» хожалығынан Сәбит Шабандоздың баласы Әлимниң үйлениў тойына хабар келди. Той төртинши июньнен алтыншы июньге шекем үш күн даўам етеди екен. «Өзи жүйрик қоян еди, оқ тийген соң не турыс»—дегендей Минажатдийин Мақсым дәрҳал Шабандоз шәкиртлериниң басын бириктириўге киристи. Жат жерде абырайды қолдан бермеў ушын қасына қаракеңниң маңлайға тиккен шабандозлары болған — Нәўпирбай, Зарапатдийин ҳәм Егамурат сейислерди алды. Ат тийеген машинаны Дәўлетбай шофер басқарып киятыр. Жол-жөнекей оларға Елликқалада «Бостан»нан ҳәм «Шуқырқақ»тан Айдарбай, Шарапат, Сражатдийин, Абат, Бухан, Досахмет, Махмуд Сейислер ҳәм Дәўлет, Қыдырбай шабандозларда қосылды. Ҳәсеттиң мыс қайнаған ыссысында үш күнлик баса-басқа шыдам бериўде мүшкил. Сонлықтан да, ат шабыс ҳәм ылақ ойынларын таң ата, ерте баслаўға уйғарды. Наўайы ўәлаяты менен Қарақалпақстан Республикасының шабандозлары жарысып ат шапты. Жарыс жуўмағында бизиң жерлеслеримиз Қәдирбай, Сражатдийин, Айдарбай ҳәм Шарапат Шабандозлар бас бәйгиге байраққа тигилген үлкен түйени жеңип алыўға миясар болды. Әсиресе бес салымды қатарына жалаўға әкелип таслаған Абат шабандоздың мәртебеси жүдә бәлент болды. «Үш қудық»лы шабандозларда бос келмеди. Искендер менен Байдулла Шабандозлар «Күншығар сейис деген» аты менен ең ири салымларды алыўға еристи. «Қулқудық»тан Марат Шабандоз ҳәм «Узын қудық»тың «Қақпа тас», «Тели», «Қулан қақ»,

«Бузаўбай» елатларынан келген шабандозлар да бас байрақларды жеңип алды. Бул тойда Бухаралы Қылыш ҳәм Қанат шабандозларда Наўайылылардан қалыспай ат салысты. Ылақ ойынында Сражатдийин Шабандоздың аты шетте турған «Заз—968» автомашинасының үстинен қарғып өтип, аламанды тәсийин қалдырды. Минажатдийин Мақсым Сәбит Шабандоздың «Ақ қоян» лақаплы көк атын минип, көкпарды жалаўдан майданға апарып таслап турды. Жалаўдан майданға ылақ апарып таслаўда аңсат емес. Ылақтың салмағы да кем дегенде 40—45 кило шығады. Бирақ, «Ақ қоян»ның бир ҳасыл қәсийети - ол ашыўшақ ҳәм аршыл ат болып, Шабандоз көкпарды тақымға алса болғаны, жалаўға қалай болмасын жеткереди.

1995-жылы Қазақстанның Қызыл орда ўәлаятында Әлийбай ата деген уламаға ас берилип, онда да ат шаптырылып, ылақ ойналды. Уллы мәресимге Минажатдийин Мақсым шәкиртлери менен бирге Камаз автомашинасының кузовына он сайланды атты тийеп, өз ўақтында жетип келди. Ат шабысында Қазақстанлы ҳәм Қарақалпақстанлы Шабандозлар жарысқа түсип, мийманлар бәйгиге қойылған ат пенен «Ылақ ойын»ына тигилген еки түйе байрағында жеңип алыўға миясар болады. Бунда белгиленген орынға бас байрақ ушын ылақ таслаў — «Буханмерей»ли жерлесимиз Абат Шабандоздың еншисине тийди. Сол жылы июль айында өткерилген Наўайы ўәлаятының «Мың булақ» хожалығында «Үш қудық» районы ҳәкиминиң орынбасары Берекет Айхожаевтың баласының үйлениў тойында да Минажатдийин Мақсым баслап барған Қарақалпақстанлы Шабандозлар ар-намысты қолдан бермеди. Бул тойда үш күн даўам етти. Даңғаралы тәризде өткен мерекениң көкпар ойынын да Жиззақ ўәлаятынан Шарлз исмли шабандоз Қазақстан мәмлекетинен («Жети сай»дан) Сураў, Беркинбай шабандозлар бақ сынасты. Шынын айтыў керек — сынақ жүдә аўыр кешти. Бухаралы атақлы сейис Дийқан Хажаев, Башқуртстаннан алып келген алаяқ қара атына Қылыш шабандозды мингизип, бәйгиге қосты. Олкөпшилигинде Дийқан Сейистиң атын шапты). Қылыш Шабандоз тойдың ақырғы күни «Дийқан Сейистиң» алаяқ қарасы менен қараға қойған салымды жалаўға таслап ири бес қарасын изли-изинен жеңип алды. Бул тойда байраққа жәми 32 бас қара қойылған еди. Қулласы той тамамланғанда Дийқан Сейистиң жүк машинасының кузовы малға сығасып толған екен. Солай етип, бул тойда бухаралы үш шабандоз,

тойға қатнасқан ҳәмме шабандозлардан басып келди. Бәйгиге жиберилген ең үлкен шабыста сегиз айлаўға (32 километр) ат жиберилип, оғанда Қарақалпақстаннан төрт ат қосылды. Бирақ, бунда Аллатаала абырай берип, Қараөзек районының «Қарақалпақстанның 40 жыллығы» хожалығынан Сәбит сейистиң сары аты бас бәйгини жеңип алды. Қуўанғанынан жерлеслеримиз басындағы телпеклерин аспанға ылақтырды. Айтсаң лап болып көринеди. Сары ат бәйгиден атлаған ўақытта аламанға аттың мойыны қуўдың мойнына уқсап созылып кеткендей сөзилди. Қаҳарман шайырымыз, әдиўли сөз зергери Ибрайым аға да:

Ал енди уллы той күни шаў-шуўлы
Бәйгй ҳәм ылаққа шапқанда сизлер,
Адам намысы ушын қәйтип шабыўды,
Ат намысы менен көрсетесизлер...

— деп бийкар тәрийиплемеген-аў! ... деймен. Сәбит сейистиң өзи қуўанғаны соншелли атының мойнынан қушақлап жылап жиберди. Солай етип, сары аттың туяғының жеңисине бир түйе, бир өгиз, бир гилем, және қосымша мың сом пул инам етилди. «Аттың сыры ийесине мәлимди»—деп малыңа қаншелли исенсең де, мәррреге ерискенше қыялың алғаў-далғаў болып, көкирегиң дүбирлеп турады. Ҳадал жеңиске мал емес, жан тигилсе арзыйды. Аттыңда, сейистинде ҳадалы болсын! Оның үстине бул жердеги ат шабыс биздегиден кескин парқ қылады. Таўлы жер болғанлықтан шаўып баратырған аттың туяғынан от шашырайды. Бул тойда бәйгиге ат қосқан Қарақалпақстанлы шабандозлардан Қайыр Мақсым, Ералы шабандоз, Берик сейислердиңде атлары төрт сыйлы орынды алып, Сәбиттиң сары атының жеңисин және де толықтырды. Ҳақыйқатында да ҳақыйқый жеңис усындай қыянкески бәйгиде мәлим болады. Болмаса, усы сапары бәйгиде Хорезмнен, Түркменстан менен Қырғызстаннан келген не бир шапқыр атлар табан жолға тарыспады дейсиз?!

Әсиресе Ералы сейистиң алаяқ торы төбелиниң бәйги де төртинши болып киятырғанында оң аяғының нәли қопарылып кетип, бирден тоқтап қалғаны жүдә қызық ҳәдийсе болды. Сонда микрофоннан сөйлеп турған той төре ағасы бирден «Аттың баллоны жарылды!»—деп бақырып жиберди. Сонда да торы төбелдиң «Еңбегин еш қылмай» төртинши қараға тигилген қашарды инам етти.

1996-жылы 13—15 сентябрь күнлери «Узын қудық»—деген жерде атақлы улама Қанарбай атаның туўылғанына 150 жыл

толыў ҳүрметине бағышланып ас берилди. (Бул киси қазақтың «Бағ-шағ» —деген руўынан). Бул мерекеде Қазақстанлы шабандозлар бираз басым келди. Деген менен қарақалпақстанлы шабандозларда ири баслы сыйлықлардан бийнесип қалмады.

1996-жылы «Шуқыр қақ»та Сыран Шабандоздың (ҳақыйқый исми Сражатдийин) әкеси Қазыйдың ҳүрметине ас берилип, бәйгиге ат жиберилип, көкпар ойналды. Мерекеге узақ жақыннан мийманлар шақырылып «Мақта арал», «Жети сай» тәреплерден де шабандозлар қатнасты. Бул сапары да Қазақстанлы шабандозлар басым келип, жеңис туўын қолдан жаздырмады. Қарақалпақстаннан ақ маңғытлы атақлы шабандоз Зарапатдийин «Көк суўын» лақаплы аты менен салымға қойылған. Қой менен гилемди жеңип алды.

Сондай-ақ Минажатдийин Мақсым Бухара ўәлаятының «Кенимех» районындағы туўысқанымыз — Төкпе шайыр Айтоты апамыздың пайғамбар жасына шыққан мүшели тойына да қатнасып той бәнеси менен «Кенимехли» ханаласларымыз бененде дийдарласып қайтты.

**Минажатдийин мақсым** туўралы сөз еткенде және де айта кететуғын ең баслы нәрсе оның ат спортына, әсиресе «Ылақ ойыны»на ышқыпазлығы соншелли өз үйиндеги той-мерекелердиң ҳеш бирин, ат шабыссыз, «Ылақ ойыны»сыз өткерген емес. Ол 2001-жылы 6-сентябрьде —туңғышы Инятдийинниң үйлениў тойында бәйгиге бир түйе, Ылақ ойынына бир түйе байрақ қойды. Бәйгиге қойылған түйени «Қызыл қала» дан келген мийман Тайыр Мақсымның торы аты, «Ылақ ойыны»на тигилген түйени «Қаршығалы» хожалығынан Амангелди Шабандоз жеңип алды. Сол тойда өзи менен бирге зәңгилесип ат шапқан ветеран Шабандозларға (ғарры десек кеўиллерине мәлел келиўи мүмкин) өз алдына «Ылақ ойыны»н шөлкемлестирип, оларға да байраққа бир гилем қойдырды. Ветеранлардың «Ылақ ойыны»нда жасы алпыстан өткен кексе, Рамет Шабандоз (Қудияр Кәлдиң баласы) жеңип алыўға миясар болды.

Сондай-ақ тойдан алдын «кеңес той» күни ямаса бала шабандозлар ушын өз алдына көкпар шаптырылып, байраққа еки гилем тигилди.

2003-жылдың 28-август күни өткерилген екинши улы Исламның үйлениў тойында бәйгиге бир түйе, «Ылақ ойыны»на бир түйе байраққа тигилип, бәйгидеги түйени «Жамбас қала»дан келген Махмуд сейис, «Ылақ ойыны»ндағы түйени Аллаяр Досназаров атындағы фермерлер хожалығынан Байрам Шабандоз (Әбдибай Шабандоздың баласы) лар жеңип алды.



RESPUBLIKALIQ MA'LUMOT-RESURSLIQ MEREKE-RESURSLIQ WORAYI
INV № 82585

2005-жылдың 1-сентябрь күни өткерилген үшинши улы Салыйдың үйленген тойында бәйгиге «Заз—968» маркалы автомашинасын қойды. Автомашинаны Еликқала районынан «Буханмерей»ли Шабандоз Жайлаў Хожаның торы аты жеңип алды. «Ылақ ойыны»на гилем тигилди.

## 5. «ДӘЎЛЕР»ДИҢ ДҮБИРИ

Ат дүбири тындырады қулақты,
Қудайберген берген емес ылақты,
Аты-заты аңыз болған «ылақшы»
Әлимбет «дәў» алплериң қараөзек.

*Әскербай Әжиниязов.*

Қараөзек елатының аймағында атқа шыққан шабандозлардың көпшилиги, ири турпатлы, саўлатлы адамлар болғаны тақыйық. Әсиресе, олар арасында Әлимбет «дәў» менен Узақберген «дәў»лердиң исми халқымыздың ат спорты тарийхында өшпес алтын ҳәриплер менен жазылып қалды. Әлимбет «дәў» диң салмағы 120 килограмнан аслам болып, минген атының белин майыстырып ылақ ойнаған. Ол дәслеп, узақ айлаўға, — жолға ат шапқан. 1987-жылы Кегейли районының «Шоқ тораңғыл» елатында Мәмбетнияз баслық ат шаптырып, ылақ ойнатып үлкен той берген. Ҳақыйқатында да инсан қартайған менен, кеўли қартаймайды екен. Сол дәўирде кекселик дәўирден өтип, жетписти алқымлап қалған ғарры Шабандоздың, бирден делебеси қозып, көкпарға тийисип кеткенинде толы журт таң қалған. Әлимбет «дәў»диң жаслайынан қанына сиңип кеткен әдети — атқа минсе, үстине ақ көйлек, ақ шалбар кийип, көйлегиниң жеңин шығанағына шекем түрип, топлымға киргенде, еки қолын ескек ескендей етип, еки жаққа сермеп шабады. Мәгар болса, булда тақымнан ылақ алдырмаўдың өзине тән усылы болса керек?! «Ылақ ойын»ындағы Әлекеңниң қарсыласлары да әнейи адамлар емес, сол дәўирдеги «Ылақ ойыны» ның пири кәмиллери болған — Қарлыбай шабандоз, Жолдасбай өгиз, Мухан гереңң, Тилеўбай муғаллим, Өтеген қоржын, «Жаңабай секиремен» дегенлер еди. Аты аталғанлар — Қытай тәрепинде болып, Әлимбет «дәў», Серемурат гереңң, Асаматдин мақсым, Узақберген «дәў», Базарбай Хожа, Әмет, Рейип, Қурбанияз, Әбишбай, Жанызақ, Насырулла, Абат Жалақ, Жийенбек қусшылар қоңыратлылар топарына киреди.

Жигитлериниң қарсыласларының ҳүжимине төтепки бере алмай, суў серпкендей басылып қалғанына Әлимбет «дәў»диң ары қысып, «Қартайса да қарекең шаншар» — деп шыдамай ат белине минген екен. Ылақты тақымнан жаздырмай ортада ҳалласлап жүрген Қарлыбай «Шатақ»тың жасы Әлимбет «дәў»ден жигирма жастай киши болып, ол сол ўақытлары 45—50 жаслардағы жигит екен. Ызаға буўлыққан Әлимбет «дәў» ылақты алып қашқан Қарлыбай «Шатақ»тың изине қунжыйып түседи. Қарлыбай «Шатақ» тақымындағысын алдырмаў ушын жөн-алды қарабарақ қашып, алдынан шыққан қыспаланған ҳәремниң ашық ергенегинен ишке кирип кеткенде, «дәў»диң аты төтелеп салмадан да, ҳәремнен де қарғып өтип, ийесиниң қолын ылаққа тийдиреди. Дәўдиң қолы ылақты илсе жаздырмайтуғыны турған гәп. Нәтийжеде ғарры шабандоз жеңисти усылайынша қолға киргизген.

**Әлимбет «дәў»** усылайынша қартайғанша ат жылаўын қолдан жаздырмай өтти. Оның жетпис бес жасында Қарақалпақстан Республикасының «Зүрәәт байрамы»нда көкпарға ат шаўып, дүйым журтты таң қалдырғаны көргенлердиң ядынан ҳеш қашан шықпайды.

**Узақберген «дәў»** де (марҳум) көкпар ойынында дәслепки ўақытлары Жийрен қасқа аты менен, соңынан ылақшы көк аты менен бәрқулла бас бәйгиге талабан болып, журтшылықтың нәзерине түскен. Ол өмиринше шопан болып фермада мал баққанлықтан атқа жаслайынан үйирсек болған. 1988-жылы июнь айында өмирден көз жумған.

**Базарбай Хожа** (марҳум) еки аяғы ийилмейген қыйсық болса да, аттың ерине гипслengendей қозғалмай отырады екен. Тегинликте шаршамайды. Ол да жүйрик көк аты менен, қуўғанына жетип, қашса қутылып, шалқып дәўран сүрип өтти. Базарбай Хожаның шабандозлық дәўиринде жүз берген бир ҳәдийсе ат ышқыпазларының ядынан шықпайды. 1969-жылы республиканың «Зүрәәт байрамы»нда шабандоз өзиниң көк аты менен көкпарға екинши салымды әкелип таслаған пайтта бирден астындағы аты омақазан атып жығылады. Ол ылақты жаздырмаў ушын оң қолын мықлап дизгиннен өткерип алғанлықтан, қолы дизгиннен босамай ат ийесин он бес метрге шекем сүйреп кетти. Аламан шабандоздың аман қалғанын «Ийеси жығылғанда ат жалын, ешек туяғын төсейтуғынлығына» жорыды.

**Нәўпирбай шабандоз** — ҳәзир ғаррылық гәштин сүрмекте. Алпысты алқымлаған кексе шабандоз елеге шекем тойларға барып

«Ылақ ойын»ын тамашалағанда өзин жасарып кеткендей сезинеди. Ол өмиринше «Соқа гүрең» лақаплы ат шапты. Гейпара заманласлары оны «Тақымы бослаў» шабандоз еди деп сынға алса да, ат спорты жылнамасында өзине ылайық из қалдырған.

Жумабай «Шойын»— (марҳум) салмағы 125 килограммнан асқан, Наятый қарыўлы адам еди. Егерде оның қолы еплеп «Ылақ»қа жантасса, тақымың темирден болса да жулып алады. Тақымнан ылақты тартып алыўда оның менен ҳеш ким тең келе алмағанлықтан оған «Қайтпас қара», —«Шойын» деген лақаплар таңылған.

Әбдибай шабандоз—салмағы жүдә жеңил болса да, қоллары жабадай узын болғанлықтан ылақ ойнаўдың шебери болған. Себеби ылақты тартып алыўда қолдың узынлығының да пайдасы көп. Той-мерекелердиң ат шабыс-ылақ ойынларында көкпар ойнап, басқа ўақытлары да азаннан кешке шекем ат шабыў менен машқул болған.

Жумабай «Саяқ»— жүдә алғыр, шабандоз ҳәм сейис. Ол оғыры аршыл ҳәм жәнжелпаз адам болып, тек ат пенен шуғылланып, өзин ат пенен жубатып, өз кеўлин өзи хошлап жүреди.

Ел журтының ар-намысы ушын ат шапқан бул әзиз инсанлар өзлеринен өшпес из қалдырыў менен бирге, көп ғана туяқа шәкиртлер таярлап, саўаплы ислер иследи. Олардың шәкиртлери— Досмурза, Мақамбет, Азат, Кеңесбай, Зийнатдийин, Жолымбет, Кеңесбай, Рашид, Асқар, Махмуд ҳәм Нуратдийинлер бүгинги күни шаршамай ат шаўып, ылақ ойнап, ел-журттың нәзерине түсип, бәрқулла абырайды қолдан бермей киятыр.

## 6. СЫНДА СҮРИНБЕГЕН СУЛТАН...

Қараөзек районының ҳәзирги Аллаяр Досназаров атындағы фермерлер бирлеспеси аймағында «Қожбан қудық» — деген жер бар. Аўыл турғынлары бул аймақты елеге шекем «Султан бийдиң аўылы»—деп толып-тасып мақтаныш етеди.

Ҳақыйқатында да, 1880-90-жылларда Султан бий атын алған ақыллы, парасатлы, данышпан инсан әйне усы кәрада жасап өткен. Өзиниң кәтқудашылығы арқалы әдиллик пенен елге бийлик еткен. Қарақалпақта халық арасында бий, болыс, аталық лаўазымына ийе адамлар Хийўа ханлығына бағыныулы болып, ханның нусқаўы менен ис жүргизген. Султан бий менен аўыллас Қабыл қәлпе деген жигит ханның аң аўлайтуғын қусларын бағып, шикарға таярлайды екен. Сонлықтанда, Қабыл қәлпениң ханның

ҳәм сарай хызметкерлериниң алдында мәртебеси жүдә бәлент болған. Қабыл қәлпе жасарын жасап, асарын асап, қартайғаннан кейин оған елге қайтыўына рухсат бериледи. Солай етип, Қабыл қәлпе туўылған жерине аман-есен қуўысып «Қожбан Қудық»та бийғәрез емин-еркин жасай баслапты. Келеси қыс мәўсими оғада қатты келипти. «Түп десе түпирик жерге түспейтуғын» қарлы боранда Қабыл қәлпени излеп ханнан еки жасаўыл келип, хан шақыртып атырғанын айтады. Ханнан ҳәмир болса пуқараға не турыс?! Қәлпе жолға шығыўға таярланып, аўыл жасы үлкенлерин жыйнап кишигирим ойласық қурады. Жәмәәт-жәм болғаннан кейин, аўыл жасы үлкенлеринен қасында бирге барып қайтқандай жолдас болатуғын адам сорайды. Қартайған ғарры қәлпениң жанына демеў болғандай жүйрик аты бар қарыўлы жигитлерден болса мақул болар еди — дейди. Бирақ қәлпе аўыл жас үлкенлериниң усынған жигитлериниң ҳеш бирин унатпайды. Ең соңында өзиниң дийдисин айтып, «астына жүйрик ат миндирип, жаныма Султанды қоссаңыз!» — деп өтиниш етеди.

«Бул бала еле он сегизге де толмаған, аўзынан сарысы кетпеген палапан ғой, узақ жолға атқосшылыққа жарамайды» — деген жас үлкенлердиң нәсиятында тыңламай, усы баланы алып кетемен!»— деп айтқанынан қайтпай турып алады. «Қәлпениң де ойлаганы, билгени бар шығар»—деп ақсақаллар ақ пәтия берип, зәңгисин басып атландырып жибереди. Усы күнлери Хийўа ханы Әмиўдәрьяның берги жүзиндеги «Бес төбе»— деген жерде шикарға шығып, аң аўлап дем алып атырған екен. Қабыл қәлпе мәнзилге бир мезгиллик жол қалғанда екеўи де аттан түсип, ханның алдына атларын жетелеп жаяў барады. Ханға сәлем берип шыққаннан кейин, қәлпени ат қосшысы Султан менен бирге бир ақшам мийман қылып, қонақ асын берип, жақсылап күтеди. Ертеңине хан шақырып, олар тәңир сәлемин бермеге ханның дәргайына киреди. — Қуслар аңға шаппай қалды, қусларды бүрген олжасын пәнжесинен жаздырмайтуғын етип таярлап бересең! — деп буйрық береди.

— Қәлпе, қуллық! — деп бас ийип турып: тақсыр, бир қасық қанымнан кешсеңиз! — Сизден бир нәрсе сорамақшы —едим депти.

— Айт — дейди ҳүкимдар.

— Уллы ҳәмиршим! – Қусларыңыз кийикти қуўып жүрип алсынба? Я жатырған жеринен алсынба? — деп сорағанында хан тамаша көрейик қуўып алғаны мақул — деди. Жақсылап баплап, салыўға шайланған қуслардың анды қуўып жүрип алғанын тамашалап мәс болған тахт ийеси шикарда жүдә кеўилли дем

алады. Дәстүр бойынша қустың биринши алған аңын ханнаң өзи баўызлайды екен. Хан аттан түсип, биринши аўланған кийикти қос баўынан ақ пышағын шығарып баўызлап болғаннан кейин, пышақ қәпелимде ушты-күйди жойтылады. «Жойтылған пышақтың сабы алтыннан» — дегендей, қартайған қәлпе де пышақты излеи таба алмайды. Сонда жас бала жигит Султан Ханнан ижазат сорап: «Тақсыр, бир қасық қанымнан кешсеңиз, жойтылған пышақтың дәрегин табаман!» дейди. Хан руқсат еткеннен кейин ол шешенлик пенен:

Тақсыр, пышақты хан урлайды,
Хан урламаса қар урлайды

— дейди. Ҳақыйқатында да, хан кийикти баўызлап болып, пышақты жерге қадап, аяғы менен сабынан басып, қарға сиңирип жиберген екен. Соны сезген сезимталлы Султан ханның ҳәрекетине дәл жуўап берип, Қабыл қәлпени жазадан аман алып қалады. Ханда баланың тапқырлығына разы болып, сөйлер сөзин билетуғын, ел басқарғандай жигит екен — деп сын береди. Сол жердиң өзинде Султанға бийлик атағын берип, ақ пышағын инам етип, елине қайтарады. Қабыл қәлпе елде жигит ағасы болған не бир төрели жигитлер турып, жас болса да ханның алдына Султанды алып кеткениниң мәнисин аўыл жас үлкенлери де соң түсинеди. Ақыллы жас баланы Қабыл қәлпе бурыннан сынап жүрген болса да тәжип емес. Султан бий шығысы бойынша қарақалпақтың ырғақлы руўынан екен. Султан бийдиң аўылында Өтеген ырғақлы деген жүдә абырайлы адам болып, ол 1860-жылы уллы болып, атын Арзымбет қояды. Жақсының урпағы Арзымбет ержеткен пайтлары, Султан бий дин сынағынан өтип елге қазы болып сайланады. Ол бул исте ҳәр қандай шийелениcкен даў-жәнжеллерди де төрелилик пенен қалысана әдил шешип ел-журттың шексиз сүйиспеншилигине бөленеди.Арзымбет қазының дәслепки перзентлери жасына жетпей, изли-изинен шетнеп, қапашылықта қәдди бүгилип сарсылып жүргенде алпыс жети жаста және уллы болып, атын Султанбийге қойдырып, ақ пәтиясын алады. Сонда Бий атасы: «Балаң қара табан болсын!»—деп пәтия берген екен. Олай демекликтиң мәниси бала апыл-тапыл жүре баслағаннан кейин, «Қара табан» болды — деп есапланар екен. Уллы адамның шарапатлы дуўасы қуда дәргайында қабыл болып 1928-жылдың сәўиринде тебендей көк шөплер жер бетин жасыл липасқа бөлей

баслағанда Арзымбет қазы гүрлетип той береди. Жети журтқа танылған қазының уллы болған тойына жети ықлымнан шабандозлар жыйналады. Алтын қабақ аттырмағаны менен, ат шабыс, ылақ ойыны, палўанлар гүреси, қораз урыстырыў, қусаған миллий ойынлар «Қара буға» елатын бир силкиндирип таслады «Қара буға» — елаты тек «Ерназар Шойыншы» дай жаўырны жерге тиймеген атақлы палўанлардың елаты болып ғана қалмастан, белгили шабандозлары, ат сейислери менен дүньяға танылған мәкан еди. Өтемурат шаланың «Көк шолақ» аты менен Нурсейит сейистиң «Көк аты»ның даўрығы ат шабысы менен ылақ ойынында тиллерде дәстан болды. «Көк шалақ» узақ айлаўдың пири болса, «Көк ат» ылақ ойын ушын жаратылғандай! Не деген менен де тәбияттың абыржы ўақты. «Жуўанның жиңишкерип, жиңишкениң үзилер» пайты. Атқа күтим — адамнан көбирек зәрүр. Сейислер жоңышқаның түбирин қопарып, көгин алдырады. Той қызып әйне ҳәўижге шыққанда ат жарысы басланып, «Әлий шеп»тиң майданында Рейип «дәў» көк шолақты минип, жарысқа қосылды. Бул сапары атлар «Тазғара» бойынан қашырылды. Жәниўар көк шолақ бәйгиде бас болып келип, сызықтан атлап атырғанда Раз деген есерсоқ аты менен алдынан кеселеп шығып, узақ жолдан ҳалықлап шаршап киятырған «Көк шолақ» пенен соқлығысады. «Көк шолақ» сол жерде жан тәслим қылады. Аттың өлимине, инсан дәрежесинде қабырғасы қайысып, көзине жас алмаған адам қалмады. Раздың болса артына ийт салып қуўып, мерекеден шығарып жиберди. Шабандоз баланың жүрими бар екен, ат үстинен ушып түсип, аман қалады. Атқа қыйланғаны соншелли Рейип «дәў» « Көк шолақ» тың басында даўыс шығарып жылап, мерекедегилердиң бәрин жылатқан. «Көк шолақ» тың басын қушақлап жылап турған бала Рейип «дәў» сол ўақытлары сегиз жасар екен. Ылақ ойынында көк атты Мырзан буйра бас шапқан. Өтеген терис аяқларға ылақ тийиспейди. Күн оғыры ыссы болып, көк атты арасында суўға айдап алып шабады. той тамамланғаннан кейин Нурсейиттиң көк атының да жаны үзилди. Той дағысқан пайтта бул хабарлардың бәри Султан бийдиң қулағына жетеди. Султан бий бәлеқада ат пенен кетсин, бирақ Арзымбет қазының усы баласы узақ жасайды. өзин-өзи алып кететуғын, беклигин бузбайтуғын шыйрақ жигит болады—деп сын береди. Ҳақыйқатында да, ҳасылдан қалған туяқ Балтабай аға Арзымбет улы, «Қара буға» аўылында. дәслеп бригадир, бөлим баслығы

соңын ала «Қара буға» ауыллық кеңесиниң баслығы болып, узақ жыллар даўамында ел-халық ийгилиги ушын минсиз хызмет иследи. Арзымбет қазының өзи ақлық-шаўлық сүйип 1947-жылы дүньядан өтти. Ҳәзир ата кәрин оның урпақлары даўам етпекте.

Султанбийден Нурмухаммед ҳәм Өтеген атлы еки улы болған. Нурмухаммедтен Төре туўылады. Төрениң перзенти Нуржан бир неше жыллар районда лаўазымлы хызметлерди атқарды. Оның баласы Маратта жоқары мағлыўматқа ийе болып, ата жолы менен ел ийгилигинде ҳармай-талмай хызмет етип киятыр. Султанбийдиң перзенти Өтегеннен Айсары, Айсарының қызы Гүлзийраның баласы Бахтияр бүгинги күни «Қара буға» аўыл пуқаралар жыйынына басшылық етеди.

## 7. БАС БӘЙГИНИ АЛҒАН ТАРЛАН

Тахтакөпир аймағында арыўдың умыт қалған айнасындай жылтырап, күншығыстың сақый қуяшының нурларына шағылысып, Бөрши баўрайына сән берип турған қарақалпақтың мақтанышына айланған «Қара тереӊ»—көли бар. Сары сазанлары, сүўен, бекирелери менен ашлықта халқымыздың дәртине дәрман болған, тәбияттың журтымыздың еншисине берген бул сақый инамының көлеминиң узынлығы 15—20 шақырымды қурайды.

Саҳра перзентлери болған қарақалпақлар әзелден-ақ:

үш ай қаўыным,
үш ай саўыным,
үш ай қабағым,
үш ай шабағым

— деп балықшылыққа үлкен итибар қаратқанының мәниси де — ўақтында ханасына сыймай, толқынлаған-тиришилик өзегине айланған арал теңизинен соң усы «Қара тереӊ» менен сабақласады. Жергиликли халық тийкарында «Қара тереӊ» ниң әтирапындағы бир кәлата елди «Дәўқара» деп атайды. Әпсаналарда айтылыўынша: Елди жаў - душпанлардан қорғаў мақсетинде Дәўқара исмли жигит ел арасынан қарыўлы мың жигитти жыйнап, Нөкер (әскер) дүзип, оған өзи басшылық еткен. Оның мәртлигине сүйсинген аўылласлары усы жерди оның исми менен атап кеткен деседи.

Әлбетте, жаўгершилик жыллары халық аса қурғын жасамаса да, мереке-той, бәзимлерин палўан гүресисиз, ат шабыс, ылақ



Асаматдин мақсым.
1932-1982-жж.



Мырзан буйра бас.
1883-1958-жж.



Минажатдин
Абдисаламов.



Насрулла шабандоз.
1933-2008-жж.



Аманбай Айтеков.



Ел ағасы
Бекмуратов Есемурат.
1917-1978-жж.



Наўрыз байрамы,
1994-ж.



Айтмуратов Абдимурат.
1938-2001-жж.



Буханмерейде той. Қаратаў,
1996-жыл, июнь.



Серемурат Айтмуратов.
1944-1999-жж.



Наўрыз байрамы. 1993-жыл.



Минажатдин Абдисаламов
шаңарақ ағзалары менен.



Қараөзекли ғарры шабандозлар.
Дарсан, 1989-жыл.



Минажатдин Әбдисаламов, Қурбанияз Ҳәкимниязов,
Бау̌еддин Әбдижамилов, Сәрсенбай Боранбаев.



Жийенбек қусшы. 1903-1984-жыл.



Тилепберген сейистиң әўлады Абылбай. 1927-2003-жж.



Ибрайым.



Әбишбай, Жаңызақ, Минажатдин, Саламат, Бухаралы Ислам.



Ел ағасы Дәўлетмурат Сейтеков. 1915-1998-жж.



Рәўшан баслық Султанова 1922-1991-жж.



Узақберген дәў. 1937-1987-жж.



Айымбет. 1945-2001



Бухаралы Қылыш шабандоз.



Отарбай хожа. 1947-2007-жж.



Нәўпирбай, Арал, Тайыр, Ибрайым, Генжебай.



Пахратдин. 1952-2006-жж. Шаңарақ ағзалары менен.



Шамурат шабандоз.



Алламберген мақсым (Әллек), Әбиў мақсым, Жумағалий.



Арал палўан ҳәм шабандоз.



Бухаралы шабандоз Дийқан Хажаев.



Қәдирбай, Дәўран, Қасымбай, Рустем. Балалары менен.



Қарабуға елатының шабандозлары.



З. Зайытов. Шабандоз ҳәм палўан.

ойынларысыз өткермеген. «Дәўқара»ның арқа тәрепинде қазақ ағайинлеримиз қоныс басқан. Бул жердиң сорамы сол дәўирлерде Темирхан болыстың қарамағында болған. Бир күни олардың арасында қоқтасынлы бир бай адам үлкен той береди. Даңғаралы тойға заманының белгили атқа минерлери Хожамет болыс Султан бий, Арзымбет қазы, Барлықбай болыс ҳәм Аманбай болыслар қатнасқан. «Бардики бардай» — дегендей тойда бәйги, ылаққа «Үш тоғыз»— байрақ тигиледи. «Үш тоғыз» — демекликтиң мәниси — тоғыз жылқы, тоғыз қарамал, тоғыз қой — жәми жигирма жети бас мал байраққа тигиледи. Тойға Султанбийдиң аўылынан ағалы-инили шабандозлар — Сейткамал менен Әбдикамал тәрлан атын бәйгиге таярлап атырғанда, аттың сыйқын көренишлеў көрген аўыллас ағайинлери оларды аяп, маңлайыңызға тиккен жалғыз атыңыздан да айрылып қаларсыз. Бул тойда не бир атақлы, азыўлы атлар бахтын сынайжақ, сениң атың олардың шаңына илесе алмай набыт болар — қоя қойғаныңыз мақул?! — деп ақыл айтқанда жигитлер атымызды Султан бийдиң сынынан өткерип көремиз. Болмайды десе қоярмыз—деген шешимге келипти. Сонда бий ата атқа қарап турып: «Балам тәрланыңның төрт туяғы аман болса батпаққа таймайды, тасқа сүринбейди, ығбалың күлип тур, екиленбей топлымға қоса бер!» —деп ақ пәтиясын береди.

Атлар «Шерип Тумсық»тан қашырылып, ат дизгинин Алламберген жалаққа туттырады. Ҳақыйқатында да, байдың тойында «Үш тоғыз»ды жеңип алыў ышқында қос қулағы жулдызды гөзлеген «Жүзден жүйрик, мыңнан тулпар»лар сайлап шаншып жыйналған еди. Олар арасында ҳеш қашан жеңисти қолдан бермей, дәўириниң тулпары атанған, тамға салып бағылған «Қазалы»дан келген шабандоз «Нәўше сейис» тиң «Нәўше гүрең»и де бар. Тамашагөйлер байраққа жиберилген атлардың қайтып келиўине де тақат ете алмай, тахта-қазалы-жолы менен сегбир тартып киятырған кәрўанлардан «алдында қандай ат баратыр?» —деп қайта-қайта сорай берипти. Бирақ, кимнен сораса да «алдында «Гүрең ат» баратыр»—деген жуўапты еситипти. Бираздан кейин жолға соңғы шыққан кәрўанлар «Тарлан ат гүреңнен озып, алдына өтти.»-деген жаңалықты жеткереди.

Нәтийжеде соңғы хабар дурыс болып шығып, ҳақыйқатында да, «Тарлан» бәйгиден бас болып өтип, үш тоғыз байрақты жеңип алыўға миясар болады. Тарланнан соңғы екинши орынды қазалының «Нәўше гүрең»и алып, Хожамет болыстың аты үшинши болып сызықтан өтеди.

## 8. «ҚАРА ҚАСҚА»НЫҢ ДАЎРЫҒЫ

«Едиге»ни жырлағанда жаўын силпилетип, қалың қурды силтидей тындырған жыраў қобыздың қулағын бурап, «Алпамыс»қа өтти;

—Ат белине минеди,
Аттың басын бурады,
«Шүў»—деп қамшы урады,
Өзи ойын қурмаға,
Ортаға кирип барады.

Ортадағы көкпарын,
Барып жулып алады.
Тақымға таўлап басады,
Байдың кеўли тасады.

Айландырып қурларды,
Туттырмады ҳеш кимге,
Қудасының қасына,
Көкпарын алып келеди!...

Боз ордаға киргизилген қонақларға бекитилген от жағар бала:

Адамның бир парасы бар,
Оқымай-ақ санасы бар.
От жаққыштан дана шығар,
Сөзге қулақ түре-түре

-дегендей иштен тынып гәп тыңлап, мап аңлаў менен тәбизге бағып, миннетли ўазыйпасын инабат пенен атқармақта. Бул Әмет ийшанның әкеси Юсуп ийшанның үйлениў тойы екен. Юсуп ийшанның қалыңлығы «Халқабад» сорамындағы ийшан қаладағы қаңлылардан шыққан үлкен уламаның қызы.

Ийшанның үйленген тойында Хожанияз сейис Епжанның «Қара қасқа»сын минип, айлаўға ат шапқан. Қалыңлық ийшан қаладан болған соң «Шағал жағысы»нан «Қусхана»ға ат қаширтты. «Тоқсаўыл» «Күйик қала»да. Бул 1928-жылдың бәҳәр айлары еди. Ийшан қаланың жигитлери де «Қусхана»ға Тоқсаўылға ат шапты. Қыз узатып баратырған шабандозлар Қусхана шабандозларына қызға ылақ таслатпаў мақсетинде бирге ат шаўып киятыр. Ондағы қыз узатып баратырған шабандозлардың нийети — қыз жеңгелерине ылақ таслап байрақ алыў.

Ертеңине үлкен ылақ шабыспа болды. Сонда, Қоңырат — Қытай болып еки тәрепке бөлинип ылақ ойнады. Қаншелли қансорпа болып ат салысса да Қоңыраттың шабандозлары Қытайдың шабандозларынан басым келе берди. Намысқа шыдамаған қүдиретли Хан Мақсым: — Ҳақыйқатында да, бизде Қоңырат шабандозларына тең келетуғын, жүрегинде оты бар шабандоз жоқпа?! — деп жар салып бақырды. Көпшиликтен бир жигит суўрылып шығып:

— Тақсыр, теңлесетуғын шабандоз бар. Теңлесетуғын ат жоқ — деди муңайып.

Ат табылады! — деп «Өтемурат шала» деген Қоңыратлының гүрең қасқасының ийесин аттан жулқып түсирип, Өтеген терис аяқты атқа миндирди. Сол күни Өтеген терис аяқ Қоңыраттың шабандозларына кешке шекем ылақ бермей ат шапқан.

Өтеген терис аяқтың бул жеңисине Хан Мақсымның да кеўли хош болады. Хожанияз Сейистиң айтыўына қарағанда буннан кейин бундай дәрежеде «Ылақ ойын» болмаған қусайды.

Себеби арадан азғана ўақыт өтпей-ақ заман алғаў-далғаў болып, Кеңес ҳүкиметиниң сиясаты менен ебиндей мал-ҳәли бар, ылақ ойнатып той бергендей адамлар аяўсыз қуўдалаўға ушыраған. «Өтемурат шала» сол ўақытлыры палапан бала шабандоз екен.

Ҳақыйқатында да, сейислеп ат сазлаўда Тилепберген Сейистиң алдына түсетуғын адам болмаған деседи. Ол да көбинесе Ешжанның «Қара қасқа»сын шапқан. Күнлерден бир күн Шымбайда «Сапар тыртық» — деген бардамлы адам үлкен той береди. Тойдың ат шабыспасында «Шағал көпир»ден ат қашыртқан, тоқсаўыл Шымбайда белгиленген (ҳәзирги Май заводының орны). Айлаўға қарақалпақ, Хорезмнен сейислер ат қосқан. «Қара қасқа»ны Кәлек деген шабандоз шабады. Олар «Халқабад»тан өткеннен кейин, «Қыйсық көпир»ге жеткен жерде арнаның көпиринде турған бир топар атлыларды көреди. Кәлектиң минген «Қара қасқа»сы көпирди нәзерлемей, үлкен арнадан туўрылап секиреди. Жан айбат пенен аттың артқы еки аяғы еплеп арнаның жасқасын илип, ат иркилип барып, қайттан қәддин алады. Сол шабыстың таўын жаздырмай, «Қара қасқа» мәнзилге аман-саў жетип бас бәйгини жеңип алды. Соңынан «Қара қасқа»ның даўрығы қарақалпақ, хорезмге жайылды. Бул жарыста Қазақстаннан келген атақлы ат «Нәўше гүрең» «Қара қасқа»дан кейин, екинши болып бәйгиден өткен.

## 9. ЖИЙЕНБЕК ҚУСШЫ

Жийенбек қусшы қолына қусын қондырып, аң аўлаўға атланса тек өзиниң үйиниң иши емес, пүткил аўыл болып жолына айдай қарап күтип отырады екен. Себеби, ол қанжығасы қаншелли қалыңлап, аўы журсе де, аўлаған олжасының биреўин ғана, өзиниң қазанына салып, қалғанларының бәрин журтқа биипул тарқатып беретуғын болған. Қусшының тағы бир әдети түни менен кирпик илместен, дәртине дәрман болған жан сериги — Туйғын қусының уйқысын қашырып шығады. Егерде аңнан шаршап келген қусшының қалғып, көзи илинип кеткен ўақытлары, шыраның өлпең жақтысында уршық ийрип отырған оның зайыбы туйғынның аяғына байланған жипти ўақты-ўақты тартып, қусты уйқлатпайды екен. Сонда қалғып баратырған қуста, оянып сергекленеди. себеби түни менен уйқыламай аштан қақланған қус азанда аңға шыққанда, көзине түскен қоян - қырғаўылларды ҳәп заматта бүрип услап алады.

1959-жылы 24-декабрь күни Жийенбек қусшының қызы Арыўханның узатылыў тойы болды.

Иштен: Өз әкемниң есиги,
Жупар есик ҳәўжар
Кирсем-шықсам шашымды
Сыйпар есик ҳәўжар

— деп жүректи елжиретип, «Ҳәўжар» айтқан қыз-келиншеклердиң жағымлы ҳаўазлары тыңлағанның кеўил сарайын ыдыратып баратыр...

Узатылып баратырған Арыўханның әкеси Жийенбек тек қус салыў менен шекленип қалмастан, ат шабыс ҳәм көкпар ойынының ашығы еди. Сонлықтанда, бәйги ҳәм көкпарға шабандозлар атларын шай қылып турды. Күйеў бала Базарбай Жубанов күн аўа қалыңлығын Қараөзектиң орайына — үйине алып кетиў ушын жолға раўана болажақ... Жийенбек қусшы өзиниң еки бирдей перзентине ҳақ пәтиясын берип, шабандоз шәкиртлерине қосылып ылақ шаўып барыўға тапсырма берди. Күйеў тәрептен өз шабандозларын ертип Әлимбет «дәў» де жетип келди. Олардың мақсети — келин тәрептиң шабандозларына-қудалар жаққа ылақ таслатпаў. Қуда болып келинди алып кетиўге келген шабандозлардың мақсети-келин тәрепке ылақ таслап бәйги алыў еди. Тойханадан шыққаннан

урда-тут ылақ ойыны қызды. Атлар пысқырып, оқыранысып, зәңгилер - зәңгиге қарысады. Әлимбет «дәў» Қараөзектиң орайына кирер жерде «Киров апа»ның бойында «Шабандозларым қудалар тәрепинен басылып қалар» деген ой менен жолда күтип турған екен. Көпирден өткен жердеги ат шабар болатуғын майданда келинди иркип, Ел ағалары Изимбет Арзыўов пенен Дәўлетмурат Сейтековлар өзлери баспылық етип бир заман «Ылақ ойыны»н еткерди. Усы тойдың ылақ шабыспасында да Өтемурат «шала», Асаматдин мақсым, Серемурат «герең», Рейип «дәў», Қурбанияз, Әмет ҳәм Әллек Мақсымлар тойдың сәнин кәмине келтирди.

Қолы ашық қайыр сақаўатлы, өмиринше қазаннан ийман тапқан, әдиўли инсан Жийенбек қусшы 1984-жылы 83 жасында дүньядан өтти.

## 10. МЫРЗАН «БУЙРА БАС»...

Ол дәўирлерде «Қара буға»дағы «Султан бий» аўылының бай адамлары бәҳәрден баслап малларын көл бетке отарға алып шығып баққан. Мырзан кеңисликте мал баққан жоралары менен таналарға минип, ылақ тартысып, ойнап шабандозлыққа қызығады.

Шабандозлардың айтыўынша ат туқымы бир жасына шыққанша қулын. Бирден-еки жасқа шекемги аралықта «қырықпа» — деп аталады. Еки жастан баслап үш жасқа шекем ғунан болады. Кейин төрт жасында дөненге айланады. Беске толғанда «Бесли» — деп аталып, алты жасында ат болады. Еки жасқа шекем «Қырықпа» ўақтында бос қойып, ғунан ўағында минискe сазлап бас үйретеди. Соннан баслап жем берип, бесин толтырып алтыға қарағанда жемлеп бағады. Егерде жылқыны үш жылдан аз бақсаң жилиги толмайды.

Бир күни азанда ерте Мырзан буйра бас мерекеге атланар алдында жылқыларын жылыстырып арқанлаўға баратырса, арқанлаўлы турған бийениң қулынының анасының үстинен ояққа-буяққа секирип өтип, ойнап турғанын көреди. Әне сол күннен баслап ҳәр күни таң ата келип қулынның анасының үстинен секиргенин қызығып тамашалайды.

Ол жүўери балық көз болған ўақта үлкен бадар ағашты жүўери аңыздың дәл ортасына апарып, тигине көмеди. (қазық формасында) Және де қалың жүўериниң арасынан қудық қаздырып Қулынды жетпис күн даўамында жүўери менен азықландырып, жасырып

бағып, әйне жетпис күнде баққыдан шығарады. Баққыдан шығарарда аттың баш бермей кетиўинен қорқып, жетелесиўге аўылдың ең мықлы жигитлерин көмекке шақырады. Басына ноқта салып, аттың жалынан исленген қыл арқан менен еки қапталға ноқтадан тарттырып байлап еки жағында үш-үштен алты жигит қапталында жүрип жетелеген. Мырзан буйра бастың өзи атты жүўенлеп суўлығынан услап жүреди. Атты секирип кетпесин деп қос қоллап жүўенине асылғанда Мырзанның аяғы жерге тиймейди екен. Асаў ат жөнге түсип басылғанша усындай ҳәрекетлерди тоқтатпаған. Мырзан буйра бас таза пери атты биротала ылаққа сазлап болғаннан кейин минип шыққан.

Тап сол күнлери «Халқабад» тәрепте, «Ийшан қала» ның шығыс бетинде үлкен тойдың хабары шығады. Шамасы ол дәўирде өзи менен зәңгиилес шабандозлар аз болса керек?! Тойға ешлеп атта отыра алғандай гилең жас өспирим балаларды ертип барады. Оның «Ийшан қала» таманда бирде-бир таныйтуғын адамы да болмаған, тойға да қонаға атланып, бир күн бурынғы «Ошақ той»дың ақырына таман тойханаға жетип келеди. (Тийкарында «Ошақ той» күни көбирек жас шабандозлар болады). Сол күни «Сыйнақ ылақ» өткериледи. Мырзан шабандоз аттың шамасын көрейин — деп аттың «бөктерги» деги жабыўларын қасындағы балаларға таслап, шаўып сыннан өткерип жүргенде басындағы дегелейиниң түсип қалғанында сезбеген. «Сапарбай сен дегелейди услап тур!» — деп биреўге тапсырғанында умытып кеткен. Жалаңбас ат шаўып баратырған Мырзанның шашлары самал менен қопырап, уўдар дуўдар болып баратырған. Майданда Өтеген терис аяқ деген шабандозда ҳеш кимге ылақты бермей қыйғырып жүргенде, Мырзан да барып ылаққа асылады. (Өтеген терис аяқ өзиниң маңлайына питкен аты болмағанлықтан жалланба шабандоз болған) атлардың пәтлилиги соншелли, еки атта үстиндеги ийелерин айырып ала кете алмайды. Еки шабандоз сол тартысыўы менен атларды үлкен пақса дийўалға тақап тартады. Еки ат пәт пенен барып, пақсаға урылғанда, Мырзанның аты бир ярым метрлик дийўалдың аржағына пәт пенен секирип өтип кеткен. Соңынан да ылақты ҳеш кимге бермей қурды айланып шаўа бергеннен кейин ылақ ойынды тоқтатыўға тәртип бериледи. Сол жерде Мырзан атын жабыўлап атырғанда қасына 55—60 жаслар шамасындағы ири денели ғарры келип: «Сен қаяқтан келген буйра бассаң» — деп сорайды.

Ол:, Тақсыр, мен «Султан бий»диң аўылынан келдим»—деп жуўап берген.

— Сонда ғарры: — Ҳе, Қоңыраттың буйра басы екенсең-ғо!—депти. (себеби ылақ ойыны бул жерде де Қоңырат —Қытай болып шабылған).

—Қонақ жайларыңыз барма? —деп сорапты.

—Ҳеш кимди танымаймыз —депти шабандоз.

—Онда пәленшениң үйине алып барып, күтиңлер! —деп биреўдиң атын айтып, той хызметкерлерине тәртип берипти.

— Отағасы және де: —Мени таныйсаң ба? деп сорапты.

—Яқ, танымайман, тақсыр.

—Мен усы жердиң тоғашысыман (той басқарыўшы) халық мени Хан Мақсым деп атайды. Бағана сениң менен тартысқан шабандоз мениң атқосшым еди. Бирақ усы күнге шекем оннан ҳеш ким тақымласып ылақ алып көрмеген. Оннан ылақты тартып алған биринши шабандоз сен боласаң депти.

—Кейин, ертең де жақсылап тамаша бар! —деп тилек билдирипти.

Ертеңине және үлкен тойда шабандозларға Қоңыраттың буйра басы менен тақымласып көриңлер!—деп тапсырма берипти.

—Оның исми-шәрийпин билмегенликтен шабандозлар: Әй буйра бас! бизге де ылақты берип ал! — деп қыйғырыса бергенликтен аты-жөни жоқ «буйра бас» лақабына таңылған екен.

Бирақ «Ылақ ойыны»нда жеңис жеке баҳаланбайды. Ғалаба шабыста белгиленеди. Сонлықтанда Қытай-Қоңырат топарға бөлинип шабысады.

—Аўылға қайтып келгеннен кейин, аўылдың адамлары Мырзанның изине ерип кеткен балалардан тойда не тамаша көрдиңиз?—деп сорағанда

—Ҳәмме Мырзан ағаны «буйра бас» —деп шақыра берди—депти. Буннан кейин аўылласлары да «Буйра бас» лақабын оның мойнына биротала илдиреди.

Қара атты Аллаяр Досназаров аўылға «Обком» болып оралғаннан кейин, ҳүрметлеп оның ағасына инам етеди.

Негизинде шабандозлар ылақты 18 жастан баслап, 45—50 жасқа шекемги аралықта шабады.

Атты саўғаға алған адамда ат қәдирин түсинбегенликтен Мырзандай етип, баплап күтип баға алмайды. Сейисине түспеген күтимсиз ат жүдеп болдырып қалғанлықтан ең ақырында сатып жибереди.

Бир күни Изимбет молла деген көп жасаған қария баласы Сапарбайға бәхәрде арзан-гиреў, қартаңлаў жылқыны сатып алып шығырға қоссақ, соңынан гүзге шекем бағып семиртиңкиреп сойып алсақ қалай болар екен? — деп мәсләҳәт салыпты.

— Олар жылқы базарында —арқасы жаўыр, өлеси ҳалға келген Мырзанның қара атын қәлепти. Баҳасы жүдә арзан болса керек? Айтқанындай, атты жазы менен шығырға қосып, гүзде сойып алыпты.

— Сонда Изимбет молла бирден гүдиксиреп: — Балам, мен билсем, мына жылқы тегин емес, мүшелерин жақсылап тексерип көр, онда қандай да бир қараят болса тәжип емес —депти.

Ҳақыйқатында да, аттың еки қолтығының астында да тесик бар екен. Ал жилигиниң ишинен де тамыр табылған. Қалған жағының да ишинде бирде-бир геўек жоқ. Қуйма сүйек - туяна жилик екен.

Тулпар шапқан шабандоз Мырзан буйра бастың өзи де тегин адам болмаған. Ол гүзде қырман алғанда «Қазақы қап»ты толтырып дән арқалайды екен («Қазақы қап»қа 270 килограмм дән кетеди).

Бир күни кемпири екеўи қолласып, орнынан қозғалта алмаған дән толы «Қазақы қап»ты, қаңылтақ ертленген атқа қос айылды тартып, жүўери қаптың қасынан бир жорттырып өтип, екинши жорттырып келгенде, қапты ат үстинде турып көтерип алғанын көргенлер бар. Ол сондай қарыўлы адам болған.

Мырзан шабандоз шәкиртлерине тек ат шабыўды үйретип ғана қоймастан бәйгиде атларды жемлеп ҳәм демлеп сейислеўди де қатаң үйреткен. Оның айтыўынша: шапқыр атларға шигинниң дәни тазалап берилсе жүдә сиңимли ҳәм жуғымлы болады екен, ат тез семирер екен. Лекин, берген жем аттың аяғына түспеўи ушын шигинди келиде түйип, қабығынан тазалап бериў керек. Соның менен бирге атқа гүлте жоңышқаны майдалап жегизип, изинен жүўери берген мақул. Набада аттың аяғына жем түссе порсықтың терисин байлаў керек екен. Мырзан шабандоз және де «Жақсы тайларға тап мийри қанғанша анасын емдир, сонда оның жилиги толы болады. Жаз айларында шапқыр атты күн түспейтуғын қараңғы сейисханада бағыў керек. Ат деген ақыллы ҳайўан, ол сениң өзиң жақсы көретуғыныңды сезеди. Сол ушын басына қамшы урыўшы болма. Алысқа шаўып келген атты жабыўлап, гездирип суўыт. Тери басылған соң суў ишкизип жем бер. Егерде ат жақын жерге шапқан болса, тағы шаўып терин ал»—деп пәндиў-нәсият еткен.

Мырзан Жолымбетов жетпис жыл өмир сүрген. Еки мәрте үйленген. Еки қызы бар. Ул перзенти болмаған. Усы жерде қазақ халқының қүдиретли шайыры Қәдир Мырзалиевтиң:

Жақсыға да,
Жаманға да жан қайғы.
Суў жанады,
Ағаш гейде жанбайды,
Қотыр бийе қулынлайды жыл сайын,
Жүйириклерден гейде туяқ қалмайды.

— деген қосық қатарлары ериксиз еске түседи. Деген менен «Орнында бар оңалар» деген халқымызда даналық сөзде бар. Ата қәдирин улығлай алса, перзентиң ҳадал болса, ул-қыздың да парқы жоқ екен. Сонлықтанда улдан салама?, қыздан салама? деген сөзлерде бийкарға айтылмаса керек? Өткен жылы анығырағы 2008-жылдың март айында Мырзан буйра бастың үлкен қызы Бийбигүлден туўылған ақлығы Марқабай Қаниязов «Өли сыйлаған бай болар»—деп дайы атасы Мырзан шабандоз Жолымбет улының туўылғанына -110 жыллығына арнап үлкен той берди. Кеўили бай инсаның көкирегине қудай береди. Марқабайдыңда аллатаала несийбесине берип қойыпты. Ол 2002-жылдан берли жаңадан дүзилген фермер хожалығына басшылық етеди. Өзиниң жеке меншик техника ҳәм қурал сайманларына ийе болғанлықтан жерден алатуғын дәраматыда мол.

Наўрыз байрамына уласқан бул тойда арқан тартысыў, палўанлардың беллесиўлери, айлаўға ат шаптырыў, көкпар ойнаў жарыслары, азаннан-кешке шекем даўам етти. Салымға қымбат баҳалы саўғалар қойылып, жеңимпазлар ылайықлы сыйлықланды.

Атақлы шабандоз Мырзан Жолымбетовтың 110 жыллық мерекесинде шабысқан атлардың дүбиринен оның руўхы шад болып атырған пайтта жүрек төринен шыққан бағышлаў қосығымды менде микрофоннан оқыў бахтына миясар болған едим:

Ерлик иси ел аўзында сөз болып,
Жолына төселген паяндоз болып,
Кимсең буйра баслы шабандоз болып,
Мырзан ата шалқып өткен деседи.

Ылақты жаздырмас мықлы тақымнан,
Онда күшке қоса, ҳийле тәсил бар,

Бир күни Изимбет молла деген көп жасаған қария баласы Сапарбайға бәҳәрде арзан-гиреў, қартаңлаў жылқыны сатып алып шығырға қоссақ, соңынан гүзге шекем бағып семиртиңкиреп сойып алсақ қалай болар екен? — деп мәсләҳәт салыпты.

— Олар жылқы базарында —арқасы жаўыр, өлеси ҳалға келген Мырзанның қара атын қәлепти. Баҳасы жүдә арзан болса керек? Айтқанындай, атты жазы менен шығырға қосып, гүзде сойып алыпты.

— Сонда Изимбет молла бирден гүдиксиреп: — Балам, мен билсем, мына жылқы тегин емес, мүшелерин жақсылап тексерип көр, онда қандай да бир қараят болса тәжип емес —депти.

Ҳақыйқатында да, аттың еки қолтығының астында да тесик бар екен. Ал жилигиниң ишинен де тамыр табылған. Қалған жағының да ишинде бирде-бир геўек жоқ. Қуйма сүйек - туяна жилик екен.

Тулпар шапқан шабандоз Мырзан буйра бастың өзи де тегин адам болмаған. Ол гүзде қырман алғанда «Қазақы қап»ты толтырып дән арқалайды екен («Қазақы қап»қа 270 килограмм дән кетеди).

Бир күни кемпири екеўи қолласып, орнынан қозғалта алмаған дән толы «Қазақы қап»ты, қаңылтақ ертленген атқа қос айылды тартып, жүўери қаптың қасынан бир жорттырып өтип, екинши жорттырып келгенде, қапты ат үстинде турып көтерип алғанын көргенлер бар. Ол сондай қарыўлы адам болған.

Мырзан шабандоз шәкиртлерине тек ат шабыўды үйретип ғана қоймастан бәйгиде атларды жемлеп ҳәм демлеп сейислеўди де қатаң үйреткен. Оның айтыўынша: шапқыр атларға шигинниң дәни тазалап берилсе жүдә сиңимли ҳәм жуғымлы болады екен, ат тез семирер екен. Лекин, берген жем аттың аяғына түспеўи ушын шигинди келиде түйип, қабығынан тазалап бериў керек. Соның менен бирге атқа гүлте жоңышқаны майдалап жегизип, изинен жүўери берген мақул. Набада аттың аяғына жем түссе порсықтың терисин байлаў керек екен. Мырзан шабандоз және де «Жақсы тайларға тап мийри қанғанша анасын емдир, сонда оның жилиги толы болады. Жаз айларында шапқыр атты күн түспейтуғын қараңғы сейисханада бағыў керек. Ат деген ақыллы ҳайўан, ол сениң өзин жақсы көретуғынынды сезеди. Сол ушын басына қамшы урыўшы болма. Алысқа шаўып келген атты жабыўлап, гездирип суўыт. Тери басылған соң суў ишкизип жем бер. Егерде ат жақын жерге шапқан болса, тағы шаўып терин ал»—деп пәндиў-нәсият еткен.

Мырзан Жолымбетов жетпис жыл өмир сүрген. Еки мәрте үйленген. Еки қызы бар. Ул перзенти болмаған. Усы жерде қазақ халқының қүдиретли шайыры Қәдир Мырзалиевтиң:

Жақсыға да,
Жаманға да жан қайғы.
Суў жанады,
Ағаш гейде жанбайды,
Қотыр бийе құлынлайды жыл сайын,
Жүйриклерден гейде туяқ қалмайды.

— деген қосық қатарлары ериксиз еске түседи. Деген менен «Орнында бар оңалар» деген халқымызда даналық сөзде бар. Ата қәдирин улығлай алса, перзентиң ҳадал болса, ул-қыздың да парқы жоқ екен. Сонлықтанда улдан салама?, қыздан салама? деген сөзлерде бийкарға айтылмаса керек? Өткен жылы анығырағы 2008-жылдың март айында Мырзан буйра бастың үлкен қызы Бийбигүлден туўылған ақлығы Марқабай Қаниязов «Өли сыйлаған бай болар»—деп дайы атасы Мырзан шабандоз Жолымбет улының туўылғанына -110 жыллығына арнап үлкен той берди. Кеўили бай инсаның көкирегине қудай береди. Марқабайдында аллатаала несийбесине берип қойыпты. Ол 2002-жылдан берли жаңадан дүзилген фермер хожалығына басшылық етеди. Өзиниң жеке меншик техника ҳәм қурал сайманларына ийе болғанлықтан жерден алатуғын дәраматыда мол.

Наўрыз байрамына уласқан бул тойда арқан тартысыў, палўанлардың беллесиўлери, айлаўға ат шаптырыў, көкпар ойнаў жарыслары, азаннан-кешке шекем даўам етти. Салымға қымбат баҳалы саўғалар қойылып, жеңимпазлар ылайықлы сыйлықланды.

Атақлы шабандоз Мырзан Жолымбетовтың 110 жыллық мерекесинде шабысқан атлардың дүбиринен оның руўхы шад болып атырған пайтта жүрек төринен шыққан бағышлаў қосығымды менде микрофоннан оқыў бахтына миясар болған едим:

Ерлик иси ел аўзында сөз болып,
Жолына төселген паяндоз болып,
Кимсең буйра баслы шабандоз болып,
Мырзан ата шалқып өткен деседи.

Ылақты жаздырмас мықлы тақымнан,
Онда күшке қоса, ҳийле тәсил бар,

Журт алдында мәртебесин асырған,
Мықлы белбеў менен шекпен деседи.

Шабандоз ба, ар-намысқа шаппаса?
Мәртлигине ел сүйсинип бақпаса?
Ол қурда қызларға көкпар тасласа,
Сийнесин сезимлер сөткен деседи.

Кеткенди қайтарып болмайди изге,
Қуўаныш, қайғыда теңдей егизбе?!
Әйне мың тоғыз жүз елиў сегизде,
Дүньядан әрманлы өткен деседи.

Бийбелги болып қалып кеткен кәбир көп,
Буны бирақ, айталмаймыз жәбир деп,
Урпақлары усыншама қәдирлеп,
атырса, шықпағаны естен деседи.

Бабасын қәдирлеп, еслеп, яд еткен,
Исмин кеўиллерде қәлем - хат еткен,
Атамыздың пәк руўхын шад еткен,
Әўладлардың мәртебеси өседи.

Иззети орнында сайма-сай болып,
Өли де, тири де бәри жай болып,
Ел - журтқа ас берип Марқабай болып,
Бүгин нийетине жеткен деседи.

*Базарбай Сейтаев*
*22-март, 2008-жыл.*

## 11. ТОЙ ҮСТИНЕ ТОЙЛАР БОЛЫП, ЖӘНЕ БОЛСЫН ТОЙЛАРЫҢЫЗ!....

— Күн песиннен аўа, тойдың сәни болған «Бет ашар»ға нәўбет келди. Бет ашаршы балада, сөздиң қыйсынып келтирип, ел-журтқа келинди, келинди ел-журтқа таныстырыў ушын нәсият айтымын баслап жиберди:

Шапқан атлар сүриншек,
Жалқаў адам болады,
Жас басынан ериншек,
Аман-түўел сорасайық,
Амансызба, келиншек?!

Әреби аттың белгиси,
Бийе болар келиншек,
Сендей қызлар бир үйге,
Ийе болар келиншек.

Әреби аттың белгиси,
Ат болады келиншек.
Танымасаң жақынның
Жат болады келиншек.

Әреби аттың белгиси,
Қой болады келиншек,
Өмирде көрген қызығың,
Той болады келиншек.

Бул 1956-жылдың ақыреп айының, «Шөмиш кеппес» күнлери еди. Келин түсирип той берип атырған Шымбайлы, орта дәрмиян шаңарақ ийеси Бекнияз деген киси екен. Ол «келте жип гүрмеўге келмеседе», қолының жуқалығына қарамастан, қарызланып-қәўеленип болса да, көкпар ойнатып, бәйгиге ат шаптырды.

«Бет ашар» тамамланғаннан кейин, ат шабылсын баслаў ушын «Мәденият»тан Султамурат, Тахтадан Жумабек пенен Аяп, «Қара буға»дан Алламберген жалақ, Әллек Мақсым, шымбайдан Қудыяр кәл, қараөзектен Әлимбет «дәў» лер тойды басқарып турған Бекбаў болыстың есабынан өтти.

Ҳәп заматта ҳәр қашанғыдай еки арыс-еки тәрепке бөлинип, Қытай-Қоңырат арасында урда-тут ылақ ойыны басланды. «Той десе қуў бас жумалайды» деген менен шабандозларға ылақ таслап, байрақ алған мәп. Ат шабар майданының шетине үлкен жүк машинасы кеселеп қойылып, «Ылақ ойыны»н тамашалап, әдил баҳа бериў ушын оның кузовынан ел ағалары менен, ең ҳүрметли мийманлар жай алған. Бекбаў болыстың жанында басына түлки терисинен тигилген малақай кийип, мойнына үлкен айдынлы орамал ораған Раўшан баслық тур. Бекбаў болыс, шабандозларды иркип, аламанның нәзерин өзине қаратып болып, бүгинги «ылақ ойыны»на алты шабандоз қатнасатуғынлығын, ким басым келип, жеңип шықса, Раўшан баслықтың алдына ылақ таслап, байрағын алатуғынлығын мәлимледи.

«Ылақ ойын»ы бирден қызып, «Ылақ» Алламберген жалақтың тақымына түсти. Алты шабандоз ат үстинде алысыўы менен тартысып баратырып, гөне журтқа келген жерде, атлардың биразы ет қызыўы менен аңламай, атам заманнан қалған ески төлеге ойылып кетти. Пурсаттан пайдаланған Жумабек шабандоз «Маймақ торы» — деген атын қуйындай желдирип, ылақты Раўшан баслықтың алдына әкелип таслады.

Әлбетте той ийеси жүдә бардамлы шаңарақ болмағанлықтан бул жерде үлкен тойлардағыдай «Тоғыз қара», «Үш қара» — деген гәплер болған жоқ. Жеңимпаз шабандоз Жумабекке бир қой, бир костюм-шалбар берип еди. Ол костюм-шалбарды өзи алып, қойды Зийўар Мақсымға берип пәтиясын алды.

## 12. «ЗҮРӘӘТ БАЙРАМЫ»Н ДА...

Өткен алпысыншы жылларының екинши ярымына келип, республикамыз мәмлекетке пахта тапсырыўдың жыл бойлық жобасын ҳәр жыл сайын артығы менен орынлап, жыл ақырында үлкен салтанат пенен «зүрәәт байрам»ларын өткериў дәстүрге айланды. Үлкен той ең дәслеп республикалық көлемде өткерилип, соң пахта тапсырыў жобасын орынлаған ҳәр бир районда өз алдына даўам ететуғын еди. Мениң тәнҳа өзим туўылған жерим Кегейли районының «Зүрәәт тойлары»на қатнасып, ҳәзирги Қаняз Әбийбуллаев атындағы ширкетлер бирлеспесиниң сыртындағы «Аршан кебир»—деген алаңлықта талай ат жарысларының гүўасы болғанман.

Әсиресе 1969-жылдың декабрь айында республикамыздың таслақтағы ат шабар майданында өткерилген «Зүрәәт байрамы» ҳеш қашан халқымыздың ядынан шықпайды.

Халқымызда «Тойдың болғанынан, боладысы қызық»—деген гәп бийкарға айтылмаған. Бул уллы мерекени «Зүрәәт байрамы» деп шенде-шен адамлар айтпаса көпшилик «Қарақалпақтың тойы»—дегенди мақул көретуғын еди. Әне усы «Қарақалпақтың тойы»на қатнасыў ушын «Қара буға» елатынанда отызлаған шабандоз жолға шықты. Ол ўақытлары Қараөзек аймағы Тахтакөпир районының сорамына киретуғын еди. Тахтадан Айымбет шабандозда той тәттәрригин көрип, шәкиртлери менен жолға таярланады. Әйне усы пайтта жүдә қызық ўақыя жүз берди.

Шарапатдийин шабандоздың бес жасар асаў, сары қара жал аты, көкке шапшып тебинлеп, ийесин мингизбейди. Нәйлаж қалған шарасыз шабандоз атты тусап қойып миниўди уйғарады. Сөйтип алдыңғы еки аяғын тусап қойып аттың үстине минеди. Атқа минип алғаннан кейин ҳаялы Гүлпарша аттың тусаўын шешеди. Бул аттың бир қәсийети бийтаныс адамға пысқырынып тусаўында шептирмейди екен, үстиндеги адамды да жығыўға урынады. Сонда Қурбанияз деген жорасы: «Енди тойға Гүлпаршаны да бирге алып жүр, атың барғаннан кейинде миндирмей, тусап минетуғын болсаң, тусаўын ким шешеди?» —деп дегишип бир майдан басқылап алды. Ҳақыйқатында да, Шараптдийинди асаў аты тебинлеп, үстине мингизбей қалған пайтларында жанындағылар аттың басын ағашқа тас қылып байлап, қолына таяқ алып турып мингизип жүрген. Бирақ, ат жөнсиз асаў болса да, наятий шапқыр, жүйрик болған.

Нөкиске бағдар алып жол жүрип баратырған атлылар Ибрайым шабандоздың атының бир зәңгисиниң жолда үзилип түсип қалғанын «Халқабад»та аўқатланып, дем алып атырғанда билди. Иркилиўге мурса жоқ, жолдан өглениўге болмайды. Қурбанияз шабандоз нәйлаж «Қудай кеширсин» —деп Аташтың шарбағында шай ишип отырған ғаррылардың қатара байлаўлы турған ешеклериниң биреўиниң тәўирлеў зәңгисин кесип алып, Ибрайымның атының ериниң жоғалған зәңгисиниң орнына байлады.

Ал Асаматдин мақсым болса Серемурат гереқ менен мектепке барып иниси Минажатдийинди де муғаллиминен сорап, өзлери менен бирге тойға алып шыққан екен. Жас бала атқа минип дизгин тутқанына мәс. Декабрьдиң аяғы болғанлықтан күн қатты суўық. Ҳәтте түп дегенде түпиригиң жерге түспейди. Жерде кем дегенде бир қарыс тоң болғанлықтан атлардың тағаларынан от шашырайды. Қанша қалың кийингени менен аттың үсти самал тартып, ызғырық самал шабандозларды бүрсеңлетип албыратайын деди.

Бирақ сонда да олар өзлерин емес, топлымға үйренсин! —деп ертип шыққан жас баланы аяйды. Оны аязлатып, аўыртып алыўдан қорқады, жылынып, шай-суў ишип, ҳәлленип алыў ушын жол-жөнекей еки жерде иркилип, қонып қалды. Себеби, олар тойдан кешигип қалмаў ушын, бир-еки күн бурынлаў жолға шыққан екен. Ат шабар майданына жетип келемен дегенше Серемурат гереқ менен Жумабай шойын атларды баплап жабыўын

жаўып, ўақтында суўын, от-жемин берип сейислеў менен машғул. Жас бала Минажатдийинниң суўыққа тоңғаны соншелли, барған жерде аўқат жеўге де қоллары жуўыспай, денеси жылыйман дегенше уйықлап қала береди. Тек ғана олар менен бирге киятырған Ибрайым шабандоз «Бул бала еле қарақалпақтың маңлай алды шабандозы болады»—деп оянғаннан арқасынан қағып марапатын жеткерип киятыр. Ат шабар майданында барлық қараөзекли шабандозларды, өзи ҳаслы қараөзекли (сол ўақыттағы «Нөкис» совхозының директоры) Дәўлетмурат Сейтеков күтип алып, қонақ жайларында өзи белгилеп, қонақ асын бериўди өз мойнына алған екен. Тойдың қоңығы күни кешке таман ат шабар майданында «Сыйнақ ылақ»— басланды. Бул ондай үлкен шабыспа емес, ҳәммениң атынан «Сыйнақ ылақ»қа «Ибрайымжан сен қатнасып қайта ғой! — деп Әллек Мақсым тек Ибрайымның өзин жиберди. — Ибрайым «Бир басып шапсам болды! Тез қайтаман»—деп үстиндеги жыйынлық кийимлеринде шешпестен ылақ ойынға қосылып кетти. Ибрайым ылақты дәрҳал тақымға алып, еки-үш айланып торы аттың баўырын жазып, қолындағы ылақты бир бала шабандозға инам етип, қонақ жерине қайтып келеди. —Бирақ келгеннен кейин: «Мен ылаққа кеткенде малақайымды усы жерге шешип кеткен жоқпа едим?!»— деп ҳәр кимнен бас кийимин сорап жүр. Бас кийиминиң де нарқы жүдә жоқары болса керек?! Себеби ол ўақытлары баҳасы бир бузаўлы сыйырдың қунына тең - көк сур қамарыдан малақай тиктирип кийиў дәстүрге айналған пайтлар еди. Қызыў қанлы шабандоз қарсыласының тақымынан есирип ылақты тартып алып атырғанда, өзиниң бас кийиминде кимниң шешип алып кеткенин ет қызыўы менен байқамаған қусайды.

Ертеңине саат $10^{00}$ да үлкен той бәзими салтанат пенен басланды. Ел ағалары минберге шығып халқымызды пидәкерлик мийнетиниң жемиси болған — «Зүрәәт байрамы» менен шын жүректен қутлықлады. Кең жазық алаңлықта есап-сансыз қара үйлер тигилип, сыртта түрли тағамлар писирилип, бир жерде палўанлар беллесип, екинши жерде қошқарлар гелле тасласып, бәйгиге атлар жиберилип, урда-тут ылақ ойыны да қызып атыр.

Ат шабыста дәрьяның қубласынан атақлы Алым сейистиң «Алым көги» бас бәйгини алса, арқадан Сарсенали, Егамурат, Шалабай, Искендер Сейислердиң атлары озып келип Қараөзек, Тахтаның абырайын қолдан бермеди. Ал гүресте Қараөзекли

атақлы палўан Өмирбек Айтымов Бас палўанға шығып, Хорезмли Атабай палўан Даўлетов пенен қайтпастан беллести. «Бүйирине тартпағанның бүйири ширисин!» —деген Өмирбек алысып атырғанда Тилепберген Шабандоз ат үстинде турып: «Бәрекеллә, Алпамыс батырым!» —деп көзине жас алып, хошаметин жеткерип турды. Аўылласларының қоллап-қуўатлаўынан руўхланған Өмирбек палўан тойдың бас палўаны Атабай Дәўлетовтың жаўырнын жерге тийгизип, бас байрақты жеңип алды.

Соңынан ылақ ойыны басланды. «Биринши салым»да —яғный белгиленген орынға ким биринши болып, ылақты әкелип тасласа - бас байрақ соған бериледи. Тамашагөйлер бундай ўақытта шабандозлардың ҳәр бир ҳәрекетин, нәзерден тыс қалдырмай бақлап турады. Ел баслылары шыққан трубина алдында үлкен түркмени ақ ат минген елимиздиң биринши полковниги Мәтқурбан аға Бердамбетов шабандозларды басқарып жүр. Ылақ таслаў орыны етип — «Газ - 52» машинасының үсти белгиленген. Бул машинада белгиленген бир орында турмай, қайта-қайта орнын өзгертип, шабандозларды албыратып тур. Сол ўақта Серемурат шабандоз астындағы торы атынан түсип, Шарапатдийиниң қара жол сары атына минди. Қызып кеткенлиги соншелли, күнниң суўықлығына қарамастан, үстиндеги костюмында шешип таслап, қурда турған Минажатдийинге қарап ылақтырды.

Көйлегиниң жеңинде шығанағына шекем түрип, атын қуйындай желдирди. Сонда тамашагөйлердиң нәзеринде алп дәў тулғалы Серемурат, төбесинен жалын ушқынлатып, вертолётта баратырғандай сезилди. Баса-бас ылақ ойында Серемурат «зәңги қайтарған» да, ат омақазан атып жығылып, ийесиде ат астында қалды. (Ылақ ойынын да шабандозлар ылақ тийгеннен кейин, ылақтың аш белинен зәңгини өткерип, зәңгини ердиң басына илдирип, аяғын оның үстине қойып отырыўды - «зәңги қайтарыў» - деп атайды).

Жер әри таслақ ҳәм тоң болғанлықтан шабандоздың бет алдын қан жуўып кетип, көрер көзге қорқынышлы ҳәм қүрейли көринеди. Қарсылас шабандозлар зәңгини ердиң басынан шығаралмай ҳәлек. Себеби зәңгини ерден жаздырмай турып ылақты ала алмайсаң. Асаматдин мақсым сары аттың белине ғарғып минип, қапталында тахтакөпирли шабандозлар қыйқыўын жеткерип атыр... Шабандозлар қыйғырысып ортаға ат салысып атырғанда, сары ат

пәт пенен орнынан қозғалып, күтилмегенде Асаматдин мақсым ылақты тақымға басып, белгиленген орынға апарып таслады. Байраққа тигилген 2 метр ҳасыл ғыжым таўарды Мәтқурбан полковник Асаматдин мақсымға қос қоллап усынды. Кейнинен Базарбай, Нәўпирбай, Ибрайым, Узақберген дәў менен Әлимбет дәўлер избе-из ылақ таслап сый-ҳүрметке бөленди. «Бастан бөрик кетседе, абырай кетпесин» деп малақай жойтқан Ибрайым шабандоз бас кийим жөнинде иллә деп аўзын ашпады.

«Зүрәәт байрамы»нда ат салысқан шабандозлардың дизими:

1. Асаматдин мақсым, (марҳум)
2. Әллек мақсым
3. Серемурат герең, (марҳум)
4. Узақберген дәў, (марҳум)
5. Әлимбет дәў, (марҳум)
6. Айымбет, (марҳум)
7. Алламберген, (марҳум)
8. Ниязбай
9. Базарбай хожа (марҳум)
10. Әбишбай – шабандоз
11. Жанызақ - марҳум
12. Шарапатдин (марҳум)
13. Насрулла
14. Тилепберген
15. Қурбанияз - (марҳум)
16. Рейип дәў - (марҳум)
17. Жийенбек қусшы - (мархум)
18. Әбдибай (бала шабандоз)
19. Нәўпирбай
20. Жийемурат (лақабы - «Қаражан»)
21. Алланазар тәп берди
22. Мәмбетназар тәп берди
23. Отарбай хожа
24. Қәлий (мархум)
25. Жумабай шойын - (мархум)
26. Алланияз қара мойын

## 13. МУСИЙБЕТ МУҢЫ

*Шабандозлардың жан күйер ықласбенти ағамыз*
*Әбдимурат Айтмурат улының естелигине*

Әрманлы тек бир мен емес,
Миййели дарақ сынып кеттиң.
Жорға емес, жүрмел емес,
Ағаш атқа минип кеттиң.

— Мынаў аттың парқы бөтен,
Көз жумылса турар тайын.
Жан жүрегим-әзиз әкем,
Жәннет болғай жатқан жайың!...

Туўысқанлық дәрбентинде,
Бар меҳриңди берер едиң,
Үш иниңди перзентиңдей,
Жаннан әзиз көрер едиң.

— Өмирдиң гедир-будырын,
Дым мүшкил екен түсинбек.
Қартайып турған жоқ едиң,
Болдыртты бирден мүсийбет....

Ең қыямет жери буның,
Дәрт түйинин жазалмайман.
Отыз төртте киши иниң,-
Айра түстиң Базарбайдан....

Ҳәр бириниң орны басқа,
Әжел өмирин қазан етти.
Әйне елиў алты жаста,
Султамурат ағам кетти.

—Аңсат болмады сағанда,
Темирден жаралмас төзим,
Серемурат әжағамда,
Елиў бесте жумды көзин.

Айралықтың аўыр дағы,
Сарсығы бар ҳәсиретли.
Әкежаным соның бәри,
Сизге аўыр тәсир етти.

Дәртлериңди жуттың ишке,
Ада болмас әрман еди.
Пайғамбар жас-алпыс үшке,
Санаўлы күн қалған еди.

Қызларыңның ҳүр-зыяда,
Ақыл-еси болғанына.
Төртеўиниң төрт қыяға,
Бахтияр — өң қонғанына.

Орынланбаған әрманың,
Нелерди салмас ойыңа,
Генже қызың Рананың,
Бара алмадың тойына.

Шырышыңды бузбаға көп,
Мейилленип, гүрсинип қатты...
Муңлы болар қыз бала деп,
Есикке көз тигип жаттың..

Сум тәғдирде инсап барма?!
Бизди сонша сынап турды.
Қуўанышлы пурсатларда,
Қызың жойтып жылап турды...

— Үш улыңды үйлендирип,
Нийетиңе жеткен един,
Өз алдына отаў қурып,
Бәржай етип кеткен един.

Қалып турған бир әрманың,
Елге шашыў бериў еди.
Кишкене улың Ринаттың,
Тойларында көриў еди.

Шайқус алған шөже яңлы,
Бүрип әжел пәнжесинде,
Әрман болып изде қалды,
Үйлендирмек -генжесинде...

Әжелге ара туралмадық,
(Жеримиз жоқ қаранбаған).
Ал, анамның бир әрманы,
«Разыласып» қалалмаған...

Жүрегимизде өшпес атың
(Туўылмақ ҳақ, өлмек заңлы)
Руўхың үй әтирапына,
Гезип ғана жүрген яңлы!...

— Өткен өмир-шапқан пырақ,
Руўхыңды шад әйлеп турғай.
Торқа болып бул топырақ,
Жатқан жериң жәннет болғай!...

## 14. ЕЛЛИК ҚАЛА — ШАБАНДОЗЛАР МӘКАНЫ

Еспе қумлар астында өтимиштиң қатпар-қатпар сырларын жасырған, Көксинде Саркоптың қырық қызы ат ойнатқан «Қырық қыз» ҳәм «Қырық қыз абад» алапларында, «Буханмерей», «Аяз қала», «Қой қырылған», «Жанбас қала» әтирапында атақлы ат сейислери менен шабандозлар жүдә көп. Әсиресе олар арасынан шыққан – Жайлаў, Ералы, Қәдирбай, Қаңлыбай, Ғәний, Дүйсенбай, Сақый,Нағашбай хожа, Махмуд, Полат, Айдарбай, Шарапат,Нурылла, Өтебай – шабандозларды тек Қарақалпақстанлылар ғана емес, Бухара, Хорезм ат спортының ықласбентлериде жақсы таныйды ҳәм ҳүрмет етеди. Бул аймақта аттың қулағында ойнайтуғын — Қәдирбай, Сатымбай, Дәўлет, Ибрайым, Өмирзақ, Ғәний, Даўранбек, Қасымбай, Рустем, Салмандай зәбәрдес жигитлерди халқымыз ушыған қыйқымындай қәстерлейди. Сондай-ақ ат сейислериниң устазы болған Бержанбай «Рентген» (ол бир қараганнан аттың иш қурылысына шекем билетуғын болғанлықтан усындай лақапқа сазаўар болған) ҳәм оның улы Сейдалы сейисти бул әтирапта билмейтуғын адам жоқ. Айдарбай ҳәм Шарапат Хожалардың шәкиртлериниң көпшилиги бүгин устазлық дәрежесине жетти. Қоңсылас «Қызыл қала»дан (Беруний районы) Тәңирберген мақсым, «Алға бас»тан Оразбай сейис, оның улы Тасқын сейистиң атты баплаў ҳәм шабыў әдислерин ат спортының нағыз «Әлипбеси» десе болады. Оразбай ҳәм Сейдалы

Сейислердиң бәйгиге қосқан атлары абырайды ҳеш қашан қолдан берген емес. Закирдиң қара аты да өз дәўиринде алдына ат салмаған. Оның ат бағыў тәжирийбесин қунт пенен үйренген Жолдас Хожа ҳәзир Шымкентте жасайды.

## КӨКПАР — «ЫЛАҚ ОЙЫНЫ» — ҚАЙДАН КЕЛИП ШЫҚҚАН?!

Қарақалпақ халқы әййемги дәўирлерден баслап-ақ атты тек көлик ретинде пайдаланып қоймастан, жүрмел — шапқыр жылқылар жәрдеминде ҳәр түрли ат спорт жарысларын өткериўди үрдиске айландырған. Халқымыздың жылқы – атларды серелеп, көбейтип, тәрбиялап өсириўге болған қызығыўшылығы бүгинги күнге шекем сөнген жоқ. Ғәрезсизлик нәтийжесинде миллий қәдириятларымызға, өзлигимизге қайтыўымыз — миллий ат спортын қайта жанландырыўға, беккем тийкар салып, кең имканиятлар есигин ашып берди.

Көкпар (ылақ ойыны) – тек бизиң халқымыз арасында емес, қоңсылас өзбек, қазақ ҳәм басқа түркий тиллес ханаласлар арасында да кең тарқалған ат спорты болып табылады. Тийкарында бул ойын — турмыслық зәрүрликлер нәтийжесинде жүзеге келген. Ерте заманларда шарўалардың дүзде жүрген малларына, қой-жанлықларына жырткыш қасқырлар шаўып күн бермеген. Оларға қарсы шабандозлар атқа минип қарсы шығып, ҳалдан тайғанша ат пенен қуўып, шоқмар менен урып, өлимши қылған, өлтирген. Раўиятларда айтыўынша бир сапары усындай жол менен аўлаған қасқырды бир топар шабандоз жигитлер бир-бири менен ат үстинде тартысып ойнап, соннан көкпар ойыны пайда болған екен деген гәплерде бар. Соңынан қасқырдың орнына, ешки, ылақ яки өгиздиң ишек қарынын алып таслап, тулыпты көкпарға пайдаланып, ол шабандоздың алдына тасланатуғын болған.

«Ылақ ойыны»нда «бүриў» деген атамада бар. «Бүриў»де – ылақтың қарыны, бөтеке ҳәм баўыры алып тасланады. Жиликти буўыннан кеседи. Еки жамбас пенен еки қол қалады. Ишине арқан салады. Төрт жип өткереди. Ол қарынға, терининң арасындағы дөңгелек арқанға байланады. Жип ис пенен өткериледи. Мойын ҳәм бир омыртқа қалдырылып соған байланады. «Бүр» (бүрип қояды) өткен әсирдиң отызыншы жыллары пайда болып, өткен әсирдиң алпысыншы жылларына келип «Теке» - «Ылақ» пайда болған.

Шабандоз ылақты шаққанлық пенен бүрип алып, тақымына басып, ҳеш кимге бермей белгиленген орынға - қурға әкелип таслаўы шәрт. Әлбетте буған аңсатлық пенен ерисиў қыйын. Себеби басқа шабандозларда қурыалақан қалғысы келмейди. Бәри-бир айланып келгенде, шабандоздан шаққанлық, күш-ғайрат талап етиледи. Қурға таслаған «олжа» ушын шабандозды баҳалы сыйлық, ел-журттың алғысы, ақ пәтиясы күтеди.

Ойынның тәртиби бойынша шабандозлар Қытай-Қоңырат дегендей еки тәрепке бөлинип ылақ шапқан. Шабандозлар ел-журт арасында үлкен абырайға ийе болып, көпшиликке белгили адамлар болған. Сонлықтан да шабандозды шабандоз дүньяның қайсы мушында болса да таныйды. Олар ойында бир-бирине дослық қатнаста болмағаны менен былайынша бир-бирине мүнәсибети жүдә жақын болып, иззет ҳүрмети жоқары болады. Олар арасында бир-бирин миймаңға шақырып, қонақ асы берип сыйлаў әййем заманнан берли үрдиске айланған. Асаматдин мақсым — шабандоз, Жуманазар дәў, Узақберген дәў, шақаманлы «Сапарбай гегирдек», «Жолдасбай өгиз» - деген шабандозлар өмир бойы бир-бири менен усындай мүнәсибетте болған.

Сондай-ақ, шабандозлар арасында қолың менен тартсаң ҳадал есапланып, аттан, адамнан услаў, асылыў қадаған етилген. Бирақ, Қарақалпақстаннан басқа жерлерде басқаша. Гей бир жерлерде шабандозлар ылақты артқы сыйрағынан услап, ердиң басынан өткерип, бир қолы менен услап тақым таслап отырады. Ал, бизде ылақ тек ғана тақымға тасланады. Ҳақыйқый шабандозлар атқа қызыққаны соншелли, аттың ер-турманын да жүдә сәнли етип безеген. Олар ақ баслы ер, ала қайыс, жүўен, тебинги, шынықап, қамшы, аткөзлик, қосбаў, қынап — усаған ат мингенде зәрүр нәрселерди көз қарашығындай қәстерлеген.

Ат шабысы ҳәм көкпар ойынлары халқымыздың ең ерте дәўирлерден киятырған миллий ойынлары болғанлықтан, халқымыздың бай аўыз-еки дөретпелеринде, сондай-ақ, терме-толғаў дәстанларында да көркемлик пенен шебер сәўлелениўин тапқан. «Алпамыс» дәстанында:

Ат белине минеди,
Аттың басын бурады,
Өзи ойын қурмаға,
ортаға кирип барады.

- деп тәриплентсе, «Қоблан» дәстанында:

Астындағы торыша ат,
Қанатқа пәрман қылады,
Ақ кийиктей секирип,
Толықсып ойнап барады.

ямаса ширели сөз зергери Аббаз шайырдың кеңес ҳүкимети ҳүкимдарлығы дәўиринде дөретилген «Баҳадыр» дәстанында да:

Сейисленген атың болса,
Ат шаппақ мурадың болса,
Шығар жолға атларыңды,
Байрақта қумарың болса

– деп қайнаўытлаған шайырлық йош пенен жырланады.

Ҳақыйқатында да Қараөзек елаты-қуяшлы Қарақалпақстанымызда ат спортын раўажландырыўда өзиниң атақлы шабандозлары ҳәм ат сейислери менен барқулла елимиздиң мақтанышына айланып киятыр.

Олардың арасында шабандоз ҳәм ат сейислеринен тысқары өзиниң ис билерменлиги, сондай-ақ спорттың бул түрине жан күйерлиги менен де халқымыздың ықласына миясар болып киятырған қайыр-сақаўатлы инсанларда көплеп табылады.

Әсиресе киндик қаны усы елатта тамған, өзиниң искерлиги ҳәм азаматлығы менен бәлент мәртебеге ерисип киятырған ат спортының жанашыры ис билермен жигит Дәўлетяр Жаббарбергенов бүгинги күни жылқының азайып кеткен ҳасыл туқымларын таўып, олардың нәсилин көбейтиўде белсендилик көрсетип, оғада саўаплы ислерди әмелге асырмақта.

Республикамызда ат спортының абырайын жоқары көтериў ушын ат шапқан шабандозларымыздың - ат спортының жан ашыры Дәўлетяр Жаббарбергеновқа миннетдаршылығы шексиз екенлигин айрықша атап өтиў орынлы.

## ҚАРАӨЗЕКЛИ ШАБАНДОЗЛАРДЫҢ ДИЗИМИ:

1. Әбдибай
2. Нәўпирбай
3. Минажатдийин
4. Азат
5. Бекбай
6. Бердақ
7. Байрам
8. Жолымбет
9. Пухарбай
10. Гүлмырза (мархум)

11. Базарбай (мархум)
12. Серемурат (мархум)
13. Жанызақ (мархум)
14. Әбишбай
15. Насрулла (мархум)
16. Қыдырбай
17. Ибрайым
18. Отарбай (мархум)
19. Дәрибай
20. Нуратдин
21. Өтеген
22. Жумағалий
23. Серикбай
24. Кеңесбай
25. Арал
26. Асқар
27. Ильяс
28. Қәдирбек
29. Балтабай
30. Зийнатдиийин
31. Нурғалий
32. Төремурат
33. Мадияр
34. Әбиш
35. Есенбай
36. Оңғарбай
37. Сейтбек
38. Атабай
39. Оңғар
40. Атабай баслық
41. Аллаяр
42. Қурал
43. Рам
44. Бердибай
45. Қосыбай
46. Инят (мархум)
47. Уснатдин
48. Ерғазы
49. Берикбай
50. Амангелди
51. Айдынбай
52. Жеңис
53. Сөрғазы
54. Таңатар
55. Жаббар мақсым
56. Аяпбек
57. Амет баслық
58. Жумабек
59. Қоныс
60. Едил
61. Кайрат
62. Жолдасбай
63. Аманбай Айтеков
64. Арал палўан ҳәм шабандоз
65. Алламберди хожа
66. Минайдар сейис
67. Жиемурат хожа
68. Алламбай сейис
69. Ещжан сейис
70. Таўбай сейис
71. Абдиўәлий сейис
72. Сержан сейис
73. Жалғас
74. Мырзабай
75. Арепбай
76. Салый
77. Алламберген
78. Бекебай шатақ
79. Жумабай саяқ
80. Турғанбай сейис
81. Ниязымбет өгиз (мархум)
82. Ешмурат жилли (мархум)
83. Мамбет Қарамойын (мархум)
84. Абат жалақ гумис қуйрық атты шапқан (мархум).

Әлимбет ҳәм Жуманазар «дәўлер»ди,
Журт қәдирлеп ушығаға теңгерди,
Сүйсиндирген алп тулғасы менен,
Узақберген менен Рейиплерди...

Теңселдирген «Қара буға» алабын,
Даўрығы Жанызақ - «Шайнек бала»ның
Исмлери өшпес халқым ядынан,
Әсен мақсым, «Өтемурат шала»ның

Әрўақлары басым, сусты ғайбарлы,
Әлпешлеп жетилдирген қулын-тайларды,
Әўладлары садық болып жолына
Әдиўлер Серемурат, Абылбайларды.

Базарбай хожа ат белине мингенде,
Отарбай хожа - қыйқыў салып жүргенде,
Жумабай саяқ, Мәмбетназар шабандоз,
Даңғарасы дәстан болған тиллерде.

Нәўпирбай шабандоз, Жумабай «Шойын»,
Топлымда ҳеш кимниң «бақпаған қойын»,
Қаракөз көз алдына келтире алмас,
Ат шабыссыз, палўан гүрессиз тойын.

Арғымақ ат - қорғаўшысы арымның,
Сейислик – сағасы ата кәримниң,
Әреби атлардың дүбири менен
Руўхы шад болсын бабаларымның!..

---

## МАЗМУНЫ


1. Мухаммед Сүйин ким болған? ........ 3
(Тарийхый дәреклерден бир көринис) ........ 3
2. Өтмиш өткеллерине шегинис ........ 9
3. Шынжырма-шынжыр шабандозлар... ........ 10
4. Ат шаппаса да, бәрқулла жолда... ........ 14
5. «Дәўлер»диң дүбири ........ 18
6. Сында сүринбеген Султан... ........ 20
7. Бас бәйгини алған Тарлан ........ 24
8. «Қара қасқа»ның даўрығы ........ 26
9. Жийенбек қусшы ........ 28
10. Мырзан «буйра бас»... ........ 29
11. Той үстине тойлар болып,
Жөне болсын тойларыңыз!... ........ 34
12. «Зүрәәт байрамы»н да... ........ 36
13. Мүсийбет муңы ........ 41
14. Еллик қала — шабандозлар мәканы ........ 43